ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ» МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№2 (23.410) ● 2017 гъэм щІышылэм (январым) и 11, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и прокуратурэм и лэжьакІуэхэм я махуэмкІэ зэрехьуэхъуар

Пщіэ зыхуащІ ныбжьэгъуэх!

Си гум къыбгъдэкІыу сынывохъуэхъу Урысей прокуратурэр къыізрыізэрагъэпэщрэ илъэс 295-рэ зэрырикъумрэ фи махуэшхуэмкІэ - Урысей Федерацэм и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэмкІэ. Нобэ, сыт щыгъуи хуэдэу, прокуратурэм далъагъу къэралым щыізекІуэ захуагъэр, ар къоув хэкум и хабзэхъумэ системэм мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиІэ и Іыхьэу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакІуэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным, щІыхуэхэм я сэбэп зыхэлъым къыщхьэщыжыным, я къалэнымрэ захуагъэм и гупсысэхэмрэ хьумэным, Іэщіагъэкіэ я щІыхьым пщІэ хуащІыж.

Си фІэщ мэхъу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакІуэхэм къыхуагъэув къалэнхэр дапэкІи хуэфащэу ягъэзэщІэну.

Узынщагъэ быдэ, насып, зэІуэзэпэщынигъэ, Хэкум зиузэщІын папщІэ къулыкъыкІэ ехъулІэныгъэ фиІэну сынывохъуэхъу.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Энергием и уасэмкІэ зэтрихьа щІыхуэр пшыныжным егъэпІейтей

Къагъэсэбэпа энергиемкІэ зэтрихьа щІыхуэр пшыныжным теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІа зэІущІэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ «Газпром межрегионгаз Пятигорск» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и щІынальэ Іуэхущ Іапі эхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр энерго» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам, «Кавказ Ищхьэрэм энергиер щытезыгъашэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам я унафэщІхэр, муниципальнэ щІынальэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым КІуэкІуэ Юрий къыхиГъэщащ зи гугъу ящІыну Іуэхум мыхьэнэ хэха зэрилэр. Иджыблагъэ абы траухуащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІынальэм и социально экономикэ зыужьныгъэмкІэ Правительствэм и комиссэм и зэІущІэу Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий иригъэкІуэкІар.

Республикэм иджыпрэ зэманым щызэфІаха лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ щІынальэ бюджетымрэ муниципалитетхэм я бюджетхэмрэ я ахъшэкІэ лажьэ организацэхэм электрокъарумрэ газымрэ я уасэр и зэманым нэгъэсауэ яту щІадзащ. Нэрылъагъуу ефІэкІуащ республикэм щІыІэ сетевой организацэхэм «Кавказ Ищхьэрэм энергиер щытезыгъашэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и пащхьэ щаІэ финанс къалэнхэр зэрагъэзащІэри. Абыхэм 2016 гъэм и мазищІым къриубыдэу къагъэсэбэпа электрокъарум и уасэм и процент 96,8-р ятащ. Республикэм и муниципальнэ район, къалэ округ 13-м ящыщу 7-м нэрылъагъуу ирагъэфІэкІуащ щІыхуэхэм къагъэсэбэпа газым и уасэр къыізэрыхахыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм - псом япэу - щІыхуэхэмрэ Іэнатіэхэмрэ хуабэкІэ къызэгъэпэщыным пыщІа предприятэхэм, къагъэсэбэпа энергоресурсхэм я уасэр зэратым арэзы укъыщыркъым. Абы и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу зэтрихьа щІыхуэр сом меларди 3,6-м щІегъу. Апхуэдизи захъшэм и процент 80-м нэхъ р нэхъыбэр ятелъщ банкрот Іуэхуэхэм иджыпсту хэт предприятэхэм. Электрокъаруэр нэхъыбэ дыдэ къызэгъэсэбэп икІи абыкІэ нэхъ щІыхуэшхуэ зытелъ организацэщ Налшык къалэм и «Водоканал» Іуэхущ Іапіэр. 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу псори зэхэту абы щІыхуэу телъащ сом мелуан 343,6-рэ. А предприятэр банкрот зэрыхъуам теухуа Іуэхуэхэр иджыпсту ирагъэкІуэкІ.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ апхуэдэ щытыкІэр пшэч зэрымыхъунур. Абы республикэм и Правительствэм хуигъэуващ мы Іэнатіэм и щытыкІэмкІэ жэуапыр зыбгъэдэхуэ къулыкъущІэу КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ щылажьэхэм, муниципальнэ щІынальэхэм я унафэщІхэм нэхъ тКІийуэ ябгъэдыхьэну.

Къищынэмыщіауэ зэІущІэм къыщыхагъэщхьэхукІащ республикэм энергиер къыщызыгъэсэбэп щІыхуэм нэхъ тэмэму ядэлажьэн, законодательствэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм теухуауэ къигъэльагъуэхэмрэ абы халъхь зэхъуэкІыныгъэхэмрэ щыгъуазэ ящІын хуейуэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Хъыбарегъащіэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иджыри щІыхуит хагъэхьэну зэрыхуеймкІэ хьыбар ярегъащІэ 2014 гъэм дыгъэгъаэзм и 28 хьуху хабзэм тету зезыгъэтхаэу щыта, Іэщіагъэм, псэукІэм екъэлІауэ щІыхуэм я хуитыныгъэхэр хъумэныжкІэ, я Іуэху дэкІыныжкІэ сэбэп хуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, ушысейпсо, щІынальэ, щІыпІэ зэщІэхеенныгъэхэм я къудамэу КъБР-м щылажьэхэм, мылъку къегъэщІыным пымыщІа нэгъуэщІ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэм ятеуухуахэр Жылагъуэ палатэм ягъэхьыну.

Дэфтэрхэр 2017 гъэм щІышылэм и 28 пщІондэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм евгъэхь хъунущ. Хэщіапіэр: *Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 57-нэ унэ.* Мы Іуэхум теухуауэ хьыбар нэхъыбэ къэзыщІэну хуейкэр Жылагъуэ палатэм и сайтым иплъэ хъунущ: www.ОПКБР.РФ. ФІыщІэупщІэ хъунущ мы телефонымкІэ 77-45-43.

Лэжьыгъэр зэпыуркъым

Нарткъалэ и теплъэр егъэфІэкІуэным теухуа лэжьыгъэр зэпыуркъым.

«ЛУКОЙЛ»-м и дагъэ-гъэсыныпхъэ игъэхуэпІэм щІыщыщІэдзауэ Тэрчокъуэм и цІэр зезыхьэ къалэщІыбэ уэрамыр хиубыдэу гъуэгур зыхуэ хуагъэзащ Чёрнэ Речкэ жьлэмэ 1 километрым нэблагъэ гъуэгум щІэуэ асфальт щытралъхьащ.

Илъэсыщэм и пэ къихуэу Аруан щІынальэм и къуажэ кІуэцІ гъуэгуэм иджыри зы щІэуэ къахэхуащ. Гъуэгум къыдэкІуэу лъэс лъагъуэхэри щІыпІэ щхьэхуэхэм къыщагъэщІэрэщІожащи, щІыхуэм я дежкІэ тыншыгъуэщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Аруан щІынальэ

● Илъэсыщіэ зэІущіэхэр

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, республикэм и спортсмен гъуэзэджэхэм фІыщІэ хуащІ

Ирагъэблагъэахэм яхэтащ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужьхэу **Ахъуэхъу Анатолий, Уммаевз Фазика, Залиханов Михаил, Чигировэ Шамкъыз,** Лэжьыгъэм и Щыхьым и орденищІыр зрата **Амщокъуэ ХьэкІулинэ, Газаев Исмэхьил**, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр зезыхьэхэу **Клевцов Михаил, Атэлькъ Залым, Чып Темур, Мартиросовэ Варварэ, Зумакулов Борис, Бер Мухьэдин, Зумакуловэ Танзиля, Губин Геннадий, Федченкэ Людмилэ, Сэхъу Владимир, Хутуевз Светланэ, Вэрокъуэ Владимир, Къэрмокъуэ Хьэчим, Иуан Пётр, Мудрэн Беслъэн, Джэду Іэниуар, Къардэн Мурат, Курамагомедов Заур, Тау Хьэсэнбий, Хъущт Аслъэнбэч, Мер Юрий, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Устэ Валерий** сымэ.

Къыізэхуэсахэм хъуэхъукІэ защІыхуигъазэм ди щІынальэм и унафэщІым къыхихгъэщхьэхукІащ мы зэІущІэм къекІуэлІа дэтхэнэми республикэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар икІи абыхэм фІыщІэ яхуищІащ жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтым, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрыщыту къэралымрэ фІыгъуэ яІэным зэрыхуэлажьэм къыхэкІыу. «Илъэсыр еух. Ар тыншу щытакъым, ауэ дэ гугъуехьхэм дапикІуэтакъым, щІыхуэхэм я псэукІэр зэредгъэфІэкІуэну Іэмалхэр къэдгъуэтыну дыхуэщІэкъуащ, - къыхигъэщащ абы. - Мис апхуэдэ гуращэ диІэу дыльэжьащ мы илъэсым. КъыдэхъулІар зыхуэдизыр зэпызыІуытынур фэращ. ФІыщІэ фхуэсщІы ну сыхуейщ махуэ къэс фыкъызэрыддэІэпыкъун папщІэ». КІуэкІуэ Юрий хьэщІэ цІэрыІуэхэм Илъэсыщ Іэмкі Іэ ехъуэхъуащ, узыншагъэ быдэ, насып, фІыгъуэ яІэну зэригупэрэ жиІащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-кІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Канунников Владимир**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, Къэрал Думэм и депутатхэу **Быф Анатолий, Геккиев Заур**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ **Берд Хьэзрэталий**. Зауэм, лэжьыгъэм, ІэщІэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шыхьэбахъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ **Джэш Вячеслав**.

● Дзэлыкъуэ щІынатъэ

Іэщ гъэхъуным трагъащІэ

Дзэлыкъуэ щІынальэм и Іэщхэм къахохъуэ.

ЩЭКІУЭГЪУЭ мазэм ирихьэлІэу Іэщышхэм я бжыгъэр мин 50-м нэблэгъащ. Ар илъэс кІуам яІам нэхъ мин 3-м нэскІэ нэхъыбэщ. Апхуэдэу къахэхуащ мэлхэм, бжэнхэм, шыхэм.

«2015 - 2017 гъэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэуэ къыщыуэнху фермерхэм ядэІэпыкъун» къэрал программэм хиубыдэу мы щІынальэм и мэкъумэщ лэжьакІуэхэм грант 25-рэ къахьащ. Абыхэм щыщу 20-р зи гугъу тщІа программэмкІэ, 5-р - унэм Іэщ щызыІэзэхъуэм я Іуэхур ядэІыгъыным теухуа программэкІэ. 2017 гъэм район унафэщІхэм я зэфІэкІ ирахьэлІэнущ Іэщ гъэхъуным щІыхуэхр тегъэгушхуэным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дикъуэш республикэхэм

ЦІыху мини 100-м зыщагъэпсэхуащ

АДЫГЕЙ. ***Илъэсыщ Іэ мазищ Іэм Адыгейм зыщагъэпсэхуащ зыплъыхьакІуэ мини 100-м нэблагъэм.***

АДЫГЕЙМ туризмэмрэ курортхэмкІэ и комитетым и Іэщіагъэлі-эксперт нэхъыщхьэ Щауэджыкіу Мурат зэрыжиІамкІэ, дыгъэгъазэм и 20-м къыщыщІэдзауэ щІышылэм и 10 пщІондэ республикэм турист мини 100-м зыщагъэпсэхуащ, Ростов къалэм, Ставрополь, Краснодар краймэ, Мэзкуу, Санкт-Петербург къикІауэ.

Мэкъумэш кооперативхэм зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм гульытэ хэха щыхуащІ мэкъумэщ Іэнатіэм. Дызыхьыха 2017 гъэм КъШР-м и щІынальэм мэкъумэш кооператив 16 къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ.***

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Эркенов Исмэхьил зэрыжиІамкІэ, мэкъумэш кооперативхэр щхьэпэнущ мэкъумэшыщІэхэм къарихьэлІэхэр яфІэмыкІуэду, уасэ иІэу ящэнымкІэ. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, кооперативхэр къызэгъэпэщыным, зегъэужьным къэралым гульытэ хуеІ. 2017 гъэм республикэм и район псоми мэкъумэш кооператив 16 къыщызэрагъэпэщыну я мурадщи, ахэр зэфІэувэным трагъэкІуэдэнущ сом мелуан 50 ирикІ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэрал 80-м я цІыхуэр хуит ещІ

Белоруссием и унафэщІ Лукашенкэ Александр Іэ щІидзащ хамэ къэралхэм щыщ цІыхуэр визэншэу я щІынальэм ихьэну хуит зыщІ унафэм.

Минск и лъэпкъ аэропортым къыщетІысэха къхуэхьлъатэм къикІа дэтхэнэри Белоруссием визэншэу мазхуитхукІэ щыІэну хуит ещІ а унафэм. ХабзэщІэхэр зыхуэгъэзэахэм хеубыдэ Европэм щыщу къэрал 39-м, апхуэдэуи Бразилием, Индонезием, США-м, Китайм, Японием, нэгъуэщІхэми - псори зэхэту къэрал 80-м - я цІыхуэхэр.

«Псом япэрауэ, ар Белоруссием и цІыхуэхэм апхуэдэ худэчыхынигъэ нэхъ пасэу къахуэзыщІа къэралхэрщ зыхуэгъэзар», - щыжиІэ унафэм.

Ухьхьэр Іуэху...

Европэ Зэгухьэныгъэм къыхэкІыжыну мурад зыщІа Инджылызым зэм зы лъэпощхьэпо, зэми нэгъуэщІ хуагъэув. Абы еврэ мелард 60-м нэблагъэ ЕС-м хилъхьэн хуейуэ жаІэ иджы.

Чехием европэ Іуэхухэмкіэ и министр Проузэ Томас къызэрыхигъэщамкІэ, ЕС-м и мыгъэрей бюджетым, езы Инджылызым нэхъ пасэу арэзы зытехъуам, хилъхьэну къалэн зыщицІыжауэ щытамрэ Европэ Зэгухьэныгъэм щылажьэ британцхэм пенсэу яритын хуейм рэзщ зи гугъу ящІыр. Ахъшэр зыхуэдизыр зэкІэ тэмэм дыдэу къабжакъым, ауэ министрым щыжиІамкІэ, ар еврэ мелард 50-м къыщыщІэдзауэ мелард 60-м нэблэгъэнущ.

Дыізэрыщыгъуаэзщи, Инджылызыр ЕС-м къыхэкІыжынырэ мы гъэм и Іэтэхэм траухуауэ щытщ, ауэ ар къаугъэ кърамыщІылІэу къаізэремыхъулІэнум и щыхьэтхэр мащІэкъым мы зэманым.

Нобэ

♦1935 гъэм КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыІэ тенджыз къарухэм зэреджэр Хы Хуэм флот жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦1943 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Псыхуабэ, Железноводск, Минеральные Воды къалэхэр хуит къащІыжащ.

♦1960 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым Космонавтхэр щагъэсыжащ япэ центр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.

♦1994 гъэм лэжьэн щІидзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым - къэралым и хабзэубзыкІорган нэхъыщхьэм. Абы хэтыныгъэр щІыкІубэм щагубзыхуат 1993 гъэм дыгъэгъаэзм и 12-м екІуэкІа хэхыныгъэхэм.

♦1995 гъэм УФ-м и Къэзыбж Палатэр къызэрагъэпэщащ. Абы и япэ унафэщІыр ягъэуващ Къэрмокъуэ Хьэчим.

♦Урысей этнограф, Кавказым и тхыдэр дыжьым елэжьа **Косвен Марк** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакІуэ, драматург, зэдзэкІакІуэ **Цей Ибрэхьим** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦ПІышнаУэ Іэзэ, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я цІыхубэ артисткэ **Къашыргъэ КІуращэ** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Медалы Хьэчим** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр щІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Хабенский Константин** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

♦Тележурналист **Малахов Андрей** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щІыІэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

● Аруан щІынальэ

Нартхъалэ и теплъэр егъэфІэкІуэным теухуа лэжьыгъэр зэпыуркъым.

«ЛУКОЙЛ»-м и дагъэ-гъэсыныпхъэ игъэхуэпІэм щІыщыщІэдзауэ Тэрчокъуэм и цІэр зезыхьэ къалэщІыбэ уэрамыр хиубыдэу гъуэгур зыхуэ хуагъэзащ Чёрнэ Речкэ жьлэмэ 1 километрым нэблагъэ гъуэгум щІэуэ асфальт щытралъхьащ.

Илъэсыщэм и пэ къихуэу Аруан щІынальэм и къуажэ кІуэцІ гъуэгуэм иджыри зы щІэуэ къахэхуащ. Гъуэгум къыдэкІуэу лъэс лъагъуэхэри щІыпІэ щхьэхуэхэм къыщагъэщІэрэщІожащи, щІыхуэм я дежкІэ тыншыгъуэщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

«2017 гъэм икІи 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

«2017 гъэм икІи 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэзхьын Іэ тридзэн икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.

3. Мы унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 20-м
№596-П-П

Фэтэр куэд хъууэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІынальэм щыІэхэм пэшхэр щызыІэхэм я зэхуэдэ мылъкур капитальнэ ремонт ящІыным 2017 - 2019 гъэхэм нэхъ мащІэ дыдэу халъхьэну ахъшэр зыхуэдизыр гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 26-м
Налшык къалэ *№234-ПП*

Урысей Федерацэм и ПсэупІэ кодексым и 167-нэ статьям и япэ Іыхьэм и япэ пунктымрэ «Фэтэр куэд хъууэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІынальэм щыІэхэм я зэхуэдэ мылъкур капитальнэ ремонт щІыныр къызэгъэпэщыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №62-РЗ-уэ 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къыдэкІам и 3-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэмрэ япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Фэтэр куэд хъууэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІынальэм щыІэхэм пэшхэр щызыІэхэм я зэхуэдэ мылъкур капитальнэ ремонт ящІыным 2017 - 2019 гъэхэм нэхъ мащІэ дыдэу халъхьэну ахъшэр зы мазэм зы метр зэбгъуэзнатІэм соми 6,22-рэ хъууэ гъэувын.

2. Мы унафэр гъэзэщІа зэрыхъум кІэлъыплъыну къалэн щыщІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

2020 гъэр къэсыху «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 26-м
Налшык къалэ *№235-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«2020 гъэр къэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкІа унафэ №136-ПП-м къэдгъэльагъуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Делэм ущытхъумэ, пагэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ къыдатащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электрокъару къызэрыщыгъэсэбэпым и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ штабым

ХЭТХЭР

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(Штабым и унафэщІ)*

Гъубжокъуэ Ю. М. - «Кавказ Ищхъэрэм и Зыгуэш щІыналъэ зэхуаку сеть компание» - «Къэббалъкъэнерго» акционер обществэ зэІухам и къудамэм и унафэщІыр *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуаэ)*

Журавлёв А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкі, тарифхэмкІэ, псэупІэхэм кІэлъыплъныныкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Бэлагъы Б. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и чэнджэщагъу пажэр

Болдышев С. В. - электрокІапсэ укъуэдияхэм я Ставрополь предприятэм и «Зыуэ щыт и федеральнэ энергие зыгъэзэщ компание» акционер обществэ зэІухам и къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Иуан А. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Шэджэмэнерго» къэрал унитар предприятэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Каблов Д. С. - «Прохладнэ къалэм и къалэ электрическэ сетхэр» акционер обществэ зэІухам и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Камарзаев Э. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкі, тарифхэмкІэ, псэупІэхэм кІэлъыплъныныкІэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщІыр *(ШтабымиІ секретарщ)*

КІэщт А-А. Г. - «Газ зыгуэш Налшык Газпром» акционер обществэм и ГъэзэщІакІуэ унафэщІым и къуэдзэр - инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Кладько И. Е. - «РусГидро» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Корольков А. Л. - «Зыуэ щыт энергетикэ системэм и системэ оператор» - «Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэмрэ Ставрополь краймрэ я ЩІыналъэ диспетчер управленэ» акционер обществэм и къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

КІуантІэ А. С. - Федеральнэ антимонополынэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкі и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуаэ)*

Малкаров Я. Т. - «Кавказ Ищхъэрэм и зыгуэш щІыналъэ зэхуаку компание» - «Къэббалъкъэнерго» акционер обществэ зэІухам и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Мамыщ А. Ю. «Къэббалъкъкоммунэнерго» муниципальнэ унитар предприятэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Мэремщауэ З. Хь. - Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкі министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм гъэугум щынагъуэншэу щыІэкІуэныкІэ и Къэрал инспекцэм и управленэм кІэлъыплъныныгъэмкІэ и къудамэм пщэрылъ щхьэхуэхэмкІэ и инспекторыр *(зэгурыІуаэ)*

Мисиров М. Хь. - «РусГидро» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и ялэ къуэдзэр - инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Надёжин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжныгъэм и Іуэхуэхмкі, къыззырымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъу къуейсызыгъэхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьныныкІэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Уэзрокъуэ З. Хь. - «Налшык хуабэ зыт компание» муниципальнэ унитар предприятэм и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Тисленко К. Г. - «Зыуэ щыт энергетикэ системэм и системэ оператор» - «Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм Ставрополь краймрэ я энергэ системэхэм я ЩІыналъэ диспетчер управленэ» акционер обществэм и къудамэм и унафэщІым и япэ кІуэдзэр - диспетчер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Хьэпэ А. Б. - Экологие, технологие, атом кІэлъыплъныныгъэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм и Кавказ управленэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергием щыкІэлъыплъныныкІэ икІи гидротехникэ ухуэныгъэхэм щыкІэлъыплъныныкІэ и къудамэм и унафэщІым и кІуэдзэр *(зэгурыІуаэ)*

Прохладнэ къалэр хуит къащІыж. *1943 гъэ*

● Тхьдэм и напэкІуэцІкІэр

ЛІыгъэрэ хахуагъэрэ

Нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэр Сталинград и деж щыхагъэщІа иужь, ди дзэхэм Іэмалыфікэр къахукъуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм щебгъэрыкІуэну.

ИПШЭ фронтым и дзэхэм, Тэнкіэ къыщежьэу, Ростов деж зыщагъэбыдэн хуейт, бийр зэрикІуэтыжьыну гъэзэгр зэхуащІу. Адрей армитІым я къалэнт Сальск къыщежьэу Тихорецк ебгъэрыкІуэну. Абыхэм Краснодар лъэныкъуэмкІэ къащыдэІэпыкъун хуейт Кавказ щІыб фронтым и къару нэхъыщхьэхэр. Зэрытлъагъущи, псори зыхуэгъэзар Кавказ Ищхъэрэм иэзрыгуэ фашистыдзэр къанэ щымыІуэ къэухъуреихьыныр. ЖьыпІэну ирикъунущ щІыналъэм нэмыцхэм я лъэсырыкІуэдзэхэм я процентэ 9-р, танкхэм я процент 16-м щІигъур зэрыщыІар. Апхуэдэу щыщыткІэ, ахэр зэхэкъутэным и мыхьэнэр кІыпхуэмылъытэным хуэдизу ин дыдэт.

Дыгъэгъазэм и 25-м Ставкэм щекІуэкІа зэІущІэм а псом и унафэ щащІат. Арщхьэкіэ дыгъэгъазэм и 29-м Жуков Георгий телеграммэкІэ къахуигъэуващ. Мейкъуапэ лъэныкъуэмкІэ зэкІэ щемыбгъэрыкІуэу я къару псори Краснодаркіэ яунэтІыну. Ардыдэмкіэ румыныдзэхэр зэхакъутэн, абы къыдэкІуэуи, къайхъулІэмэ, Новороссийск хуит къащІыжьын хуейт. ИтІанэ Тамань хьтІыгуныкъуэр нэхъ убыдыгъуафІэ хъунут.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, ди дежь бийм щыщебгъэрыкІуэну пІалъэр 1943 гъэм щыщышылэм и 1-м ягъэІэпэхъун хуей хъуащ.

ЩІышылэм и 2-м 9-нэ армэм и зауэлІхэм Осетием и ЕлъхъуІ яубыдыжащ. ЩІышылэм и 3-м полковник Шевченкэ Иван зи унафэщІ 417-нэ фочауэ дивизэр Тэрч зэпрыкІри, Мэздэгу дыхьащ. Бийхэр икІуэту зэрехьжьащ. ЩІышылэм и 5-м 276-нэ, 317-нэ фочауэ дивизэхэр Прохладнэ ебгъэрыкІуащ. Абыхэм ядэІэпыкъуащ псынщІэ дыдэу къэса 52-нэ танк бригадэр. Нэмыцхэмэ къалэр къагъэнэн хуей хъуащ. Дэ зауэлІхэм бийм и танк 18, топ 27-рэ, автомашинэ 63-рэ къащІэрыщІащ, сэлэту, офицеру 129-рэ гъэр къащІащ. А зэманым ирихьэлІэу хуит къэхъужакІэт Новэ Урыху, Старэ Урыху, Ерокъуэ, Лэскэн ЕтІуанэ, Зэрэгъыж, Джэрпэджж, Вагъэдзыкъуэ къуажэхэр, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэ икІуэтыт, лъэмыжхэр, псы зэпрыкІыпІэхэр, гъэугуэр лагъымхэмкІэ къагъаувэу. Арщхьэкіэ ебгъэрыкІуэхэр ефэкІыт. ЩІышылэм и 3-м ди дзэхэм хуит къащІыжащ Аушыджэр, Хьэсэней, Долинск, Псыгуэнсу, Арщыдан къуажэхэр. Налшык къалэм дыкъэну хущІэкъурт 395-нэ фочауэ полкыр. 1943 гъэм щыщышылэм и 3-м и пщыхьэщхьэм абы иубыдащ лы комбинатым егъэщІылІа щІыналъэр. Зэхэуэхэр къалэм и уэрамхэм щекІуэкІырт. Бийм хуэІыгъакъым ди республикэм и къалащхьэр икІи щыщышылэм и 4-м ар хуит хъужащ. «Кавказ Ищхъэрэм, - къытащ Совет информбюром 1943 гъэм щыщышылэм и 5-м, - и жьлэ зыбжанэ ди дзэхэм хуит къащІыжащ. Зэхэуэ гуащІэхэр щекІуэкІащ Налшык и деж. Нэмыцхэмэ зэрызагъэбыдам къимыгъэвыІэу, топхэмрэ танкхэмрэ я щІэгъэкъуэну ди зауэлІхэр жэщу къалэм ебгъэрыкІуащ икІи ар къащтащ. Ди дзэхэм яІэрыхьащ топ зэмылІэужьыгъуэу 27-рэ, лагъымыдзу 50, автомашинэу 56-рэ, пулеметэ 41-рэ, танк зэракъутэ фочу 250-рэ, нэгъуэщІ кэди».

А екъуІэныгъэшхэм и ужькІэ ди зауэлІхэр лъэщу щебгъэрыкІуащ Бахъсэн къуажэм. Псыежхэхэр зэрыкиыщ къагъасэбэпурэ, нэмыцхэр хущІэкъуащ Шэджэмэ ЕтІуанэ, Къызбрун Ещанэ, Бахъсэн къуажэхэм я деж дыдейхэр къыщызэтрагъэувыІэну, арщхьэкІэ къайхъулІакъым - щІышылэм и 6-м ди дзэхэр Бахъсэн дыхьащ. Зэхэуэхэм фашисту 50 хэкІуэдащ, 7-р гъэр щащІащ. ЩІышылэм и 8-м и пщэдджыжьым майор Хоботкиныр подполковник Корчагиныр я полкхэм бийр Малкэ къуажэм дахужащ, кьыкІэлыкІуэ махуэм и жэщым Куба къуажэмэрэ Марьинскэ станицэмрэ уэрт къащІыжащ. 1943 гъэм щыщышылэм и 11-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыпхъуакІуэхэр итыжтэкъым. Кавказ щІыб фронтым и Іэтащхьэм и унафэр ягъэзащІэурэ, ди альпинист 20 Іуащхьэмахуэ дэкІуейри, абы къардзыхьыжащ 1942 гъэм и щышхьэуІум бийм фІиДзауэ щьита фашист бэракъэр - Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум щыхуарзэу хуэжьащ совет ныпхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит къащащІыжьым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящІыщ цІыхухэм лІыгъэшхуэ къагъэлъэгуащ. Абыхэм я гъусащ ди лъахэм и бынхэри. Республикэм и щІыналъэм бийр изыхужахэм яхэтащ зэрахьа лІыгъэмкІэ цІэрыпІуэ хуэахуэ Къардэн Къубатий, Михайленкэ Василий, Шортэн Аскэрбий, Беслъэней Залымхъан, Щербак Иван, Полищук Иван, Зацепилин Георгий, Джэш Мишэ, Лесев Виталий, Настаев Хьэжбэчыр, Мамхэгъэ Щу, ди цІыхубз хахуэхэу Хьэтыкъуей Розэ, Даниловэ Марие, Къумахуэ Хужь, Грищенкэ Полинэ сымэ, нэгъуэщІ куэди. Ди дзэхэм жьыджэру ядэІэпыкъуа партизанхэм кьахэжанакІыащ Къудей Чэрим, Нэчо Бабий, Аттоев Магомед, ШкІахъуэ Хьэмид, Макитов Юсуф, бзыльхугъэ Гъуэзэджэхэу Беслъэней Сурэт, Жанкъаэий Софье, Архэгъ Мотя, Балъкъуэ Лилэ, Радченкэ Нинэ сымэ.

Ди цІыхухэм Іэтауэ ягъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къызэрыщІагъэкІыжар. Кьалэ, къуажэ псомэ гуфІэгъуэ зэІущІэхэр, пэжкІэр щекІуэкІащ. Абыхэм цІыхухэм псалъэ быдэ щатащ къэрал псор хуит къащІыжу фашистыдзэм псы ирагъэжьыхьыжьын папщІэ яхуэзэфІэкІ кьамыгъэнэну. ВКП(б)-м и обкомым и пленумым хэтхэм фІыщІэ ин хуащІащ ди лъахэм бийр щрахужьым лІыгъэшхуэ къызэрыпхъуа ди зауэлІхэм.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Налшык щыдэса зэман кІэщІым къриубыдэу хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ кьалащхьэм и экономикэм. Налшыкдэс мини 9-м щІигъум я псэр ятащ ди къэралым и хуитыныгъэм папщІэ. Хэку зауэшхуэм щыІэрахьа лІыгъэмрэ щхьэкІэ къалэм щыщ цІыхуи 8-м ягъэфэщауэ щытащ «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъагэр, кьалэдэс мини 10-м щІигъум ираташ нэгъуэщІ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм кьалэм и гуащІэрыпсэухэм лІыгъэрэ бэшэчыгъэрэ кьызэрагъэлъэгуам пэкІуэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкіэ 1985 гъэм накъыгъэм и 7-м Налшык кьалэм Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр кьыхуагъэфэщащ.

УФ-м и Президентым и Унафэкіэ 2010 гъэм Налшык кьыфІащІыну «Зауэ щыхьым и кьалэ» цІэ лъапІэр.

ПЩЫБИЙ Сулътан,
Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщщкіэ ЗэщІэузэда Къарухэм, хабзэхъуэ Іэнатіэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым и президиумым, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.

● Щ1ыуэпс

ЩІышылэм и 11-р мэзкъуэдыхэмрэ (мэзгъэфІэн) лъэпкъ паркхэмрэ я махуэщ

Дыкъэзыуэрейх дунейм хэхауэ и щыпІэхэр хэгъэщхьэхукІыныр цІыхуІэ зылъэмыІэса щІыуэпсымрэ ар зи «хэщІапІэ» псэущхьэхэмрэ зэрыщытам хуэдэу къызэтезыгъанэ Іэмалыфіщ.

УРЫСЕЙМ япэ дыдэу мэзкъуэды (мэзгъэфІэн) къыщызэрагъэпэщауэ щытар 1916 гъэм дыгъэгъазэм и 26-ращ (щІэмкІэ - 1917 гъэм щІышылэм и 11-рщ). Ар къыщыхъуар Бурятиерщ. Япэ дунейпсо зауэм и гуащІэгъэгу, Байкал хьжьеймк ьгъэгъащІыІа Баргузин шытхъэм къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щІыщылэм и 6-м ди дзэхэр Бахъсэн дыхьащ. Зэхэуэхэм фашисту 50 хэкІуэдащ, 7-р гъэр щащІащ. ЩІышылэм и 8-м и пщэдджыжьым майор Хоботкиныр подполковник Корчагиныр я полкхэм бийр Малкэ къуажэм дахужащ, кьыкІэлыкІуэ махуэм и жэщым Куба къуажэмэрэ Марьинскэ станицэмрэ уэрт къащІыжащ. 1943 гъэм щІышылэм и 11-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыпхъуакІуэхэр итыжтэкъым. Кавказ щІыб фронтым и Іэтащхьэм и унафэр ягъэзащІэурэ, ди альпинист 20 Іуащхьэмахуэ дэкІуейри, абы къардзыхьыжащ 1942 гъэм и щышхьэуІум бийм фІиДзауэ щьита фашист бэракъэр - Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум щыхуарзэу хуэжьащ совет ныпхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит къащащІыжьым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящІыщ цІыхухэм лІыгъэшхуэ къагъэлъэгуащ. Абыхэм я гъусащ ди лъахэм и бынхэри. Республикэм и щІыналъэм бийр изыхужахэм яхэтащ зэрахьа лІыгъэмкІэ цІэрыпІуэ хуэахуэ Къардэн Къубатий, Михайленкэ Василий, Шортэн Аскэрбий, Беслъэней Залымхъан, Щербак Иван, Полищук Иван, Зацепилин Георгий, Джэш Мишэ, Лесев Виталий, Настаев Хьэжбэчыр, Мамхэгъэ Щу, ди цІыхубз хахуэхэу Хьэтыкъуей Розэ, Даниловэ Марие, Къумахуэ Хужь, Грищенкэ Полинэ сымэ, нэгъуэщІ куэди. Ди дзэхэм жьыджэру ядэІэпыкъуа партизанхэм кьахэжанакІыащ Къудей Чэрим, Нэчо Бабий, Аттоев Магомед, ШкІахъуэ Хьэмид, Макитов Юсуф, бзыльхугъэ Гъуэзэджэхэу Беслъэней Сурэт, Жанкъаэий Софье, Архэгъ Мотя, Балъкъуэ Лилэ, Радченкэ Нинэ сымэ.

Ди цІыхухэм Іэтауэ ягъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къызэрыщІагъэкІыжар. Кьалэ, къуажэ псомэ гуфІэгъуэ зэІущІэхэр, пэжкІэр щекІуэкІащ. Абыхэм цІыхухэм псалъэ быдэ щатащ къэрал псор хуит къащІыжу фашистыдзэм псы ирагъэжьыхьыжьын папщІэ яхуэзэфІэкІ кьамыгъэнэну. ВКП(б)-м и обкомым и пленумым хэтхэм фІыщІэ ин хуащІащ ди лъахэм бийр щрахужьым лІыгъэшхуэ къызэрыпхъуа ди зауэлІхэм.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Налшык щыдэса зэман кІэщІым къриубыдэу хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ кьалащхьэм и экономикэм. Налшыкдэс мини 9-м щІигъум я псэр ятащ ди къэралым и хуитыныгъэм папщІэ. Хэку зауэшхуэм щыІэрахьа лІыгъэмрэ щхьэкІэ къалэм щыщ цІыхуи 8-м ягъэфэщауэ щытащ «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъагэр, кьалэдэс мини 10-м щІигъум ираташ нэгъуэщІ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм кьалэм и гуащІэрыпсэухэм лІыгъэрэ бэшэчыгъэрэ кьызэрагъэлъэгуам пэкІуэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкіэ 1985 гъэм накъыгъэм и 7-м Налшык кьалэм Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр кьыхуагъэфэщащ.

УФ-м и Президентым и Унафэкіэ 2010 гъэм Налшык кьыфІащІыну «Зауэ щыхьым и кьалэ» цІэ лъапІэр.

● Налшык

Нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми

«ИлъэсыщІэр псоми я зэхуэдэщ» псапэ Іуэхур даІыгъыну, Налшык къалэ администрацэм Физкультурэмкіэ, щІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ и управленэм и лэжьакІуэхэр хэтащ зи нэм фІыуэ имылъагъуэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм сабийхэм къыхуэзгъэпэщащ илъэсыщІэ гуфІэгъуэм. ХьэщІэхэм цІыкІуэхэм куэду хуащат ахэр зыщыгуфІыкІын саугъэтхэр.

ЗИ НЭМ фІыуэ имылъагъуэм я зэгухьэныгъэм и Налшык кьудамэм нобэ сабийуэ 140-рэ кьызэщІеубыдэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, абыхэм ящыщ куэдыр илъэсыщІэ псейм иращІкІ зыхьхьэхэм къкІуфакъым. Апхуэдэ сабийхэм я саугъэтхэр унэм хурагъэшащ.

Управленэм и лэжьакІуэхэм къищынэмыщІауэ, гулъытэ хуащІащ зи закъуэу яхэна ныбжь зиІэ кьалэдэсхэми.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и МВД-м къет

Дэфтэр нэпцІ

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм я лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ гъэпцІагъэкІэ субсидие зыІэрызыгъэхьа цІыхубзыр.

ПРОХЛАДНЭ районым щыІэ Іэщ щагъэхъу Іуэхущ1аПІэхэм ящыщ зым и унафэщІ цІыхубзым субсидиемкІэ зэпеуэ езыгъэкІуэкІ комиссэм ираташ налог Іэнатіэхэм я щІыхьэ зэрытемыльымкІэ дэфтэр нэпцІ. Абы ираташ сом мини 150-рэ.

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм Следствэмкіэ и Іэнатіэм щэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къиІэтащ, УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм (гъэпцІагъэ) къызэрыщыгъэлъэгуамкІэ, абы илъэси 6 тезыру кьыполлъэ. Ягъэхъуаншэм щІыпІэр имыбгынэну Іэ трагъэдзащ.

Уголовнэ Іуэхур, зэрагъэкъуаншэ унафэр щІыгъуу, судым ягъэхьащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Щ1ыуэпс

ЩІышылэм и 11-р мэзкъуэдыхэмрэ (мэзгъэфІэн) лъэпкъ паркхэмрэ я махуэщ

Дыкъэзыуэрейх дунейм хэхауэ и щыпІэхэр хэгъэщхьэхукІыныр цІыхуІэ зылъэмыІэса щІыуэпсымрэ ар зи «хэщІапІэ» псэущхьэхэмрэ зэрыщытам хуэдэу къызэтезыгъанэ Іэмалыфіщ.

УРЫСЕЙМ япэ дыдэу мэзкъуэды (мэзгъэфІэн) къыщызэрагъэпэщауэ щытар 1916 гъэм дыгъэгъазэм и 26-ращ (щІэмкІэ - 1917 гъэм щІышылэм и 11-рщ). Ар къыщыхъуар Бурятиерщ. Япэ дунейпсо зауэм и гуащІэгъэгу, Байкал хьжьеймк ьгъэгъащІыІа Баргузин шытхъэм къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щІыщылэм и 6-м ди дзэхэр Бахъсэн дыхьащ. Зэхэуэхэм фашисту 50 хэкІуэдащ, 7-р гъэр щащІащ. ЩІышылэм и 8-м и пщэдджыжьым майор Хоботкиныр подполковник Корчагиныр я полкхэм бийр Малкэ къуажэм дахужащ, кьыкІэлыкІуэ махуэм и жэщым Куба къуажэмэрэ Марьинскэ станицэмрэ уэрт къащІыжащ. 1943 гъэм щІышылэм и 11-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыпхъуакІуэхэр итыжтэкъым. Кавказ щІыб фронтым и Іэтащхьэм и унафэр ягъэзащІэурэ, ди альпинист 20 Іуащхьэмахуэ дэкІуейри, абы къардзыхьыжащ 1942 гъэм и щышхьэуІум бийм фІиДзауэ щьита фашист бэракъэр - Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум щыхуарзэу хуэжьащ совет ныпхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит къащащІыжьым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящІыщ цІыхухэм лІыгъэшхуэ къагъэлъэгуащ. Абыхэм я гъусащ ди лъахэм и бынхэри. Республикэм и щІыналъэм бийр изыхужахэм яхэтащ зэрахьа лІыгъэмкІэ цІэрыпІуэ хуэахуэ Къардэн Къубатий, Михайленкэ Василий, Шортэн Аскэрбий, Беслъэней Залымхъан, Щербак Иван, Полищук Иван, Зацепилин Георгий, Джэш Мишэ, Лесев Виталий, Настаев Хьэжбэчыр, Мамхэгъэ Щу, ди цІыхубз хахуэхэу Хьэтыкъуей Розэ, Даниловэ Марие, Къумахуэ Хужь, Грищенкэ Полинэ сымэ, нэгъуэщІ куэди. Ди дзэхэм жьыджэру ядэІэпыкъуа партизанхэм кьахэжанакІыащ Къудей Чэрим, Нэчо Бабий, Аттоев Магомед, ШкІахъуэ Хьэмид, Макитов Юсуф, бзыльхугъэ Гъуэзэджэхэу Беслъэней Сурэт, Жанкъаэий Софье, Архэгъ Мотя, Балъкъуэ Лилэ, Радченкэ Нинэ сымэ.

Ди цІыхухэм Іэтауэ ягъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къызэрыщІагъэкІыжар. Кьалэ, къуажэ псомэ гуфІэгъуэ зэІущІэхэр, пэжкІэр щекІуэкІащ. Абыхэм цІыхухэм псалъэ быдэ щатащ къэрал псор хуит къащІыжу фашистыдзэм псы ирагъэжьыхьыжьын папщІэ яхуэзэфІэкІ кьамыгъэнэну. ВКП(б)-м и обкомым и пленумым хэтхэм фІыщІэ ин хуащІащ ди лъахэм бийр щрахужьым лІыгъэшхуэ къызэрыпхъуа ди зауэлІхэм.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Налшык щыдэса зэман кІэщІым къриубыдэу хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ кьалащхьэм и экономикэм. Налшыкдэс мини 9-м щІигъум я псэр ятащ ди къэралым и хуитыныгъэм папщІэ. Хэку зауэшхуэм щыІэрахьа лІыгъэмрэ щхьэкІэ къалэм щыщ цІыхуи 8-м ягъэфэщауэ щытащ «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъагэр, кьалэдэс мини 10-м щІигъум ираташ нэгъуэщІ къэрал дамыгъэ лъапІэхэр

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм кьалэм и гуащІэрыпсэухэм лІыгъэрэ бэшэчыгъэрэ кьызэрагъэлъэгуам пэкІуэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкіэ 1985 гъэм накъыгъэм и 7-м Налшык кьалэм Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр кьыхуагъэфэщащ.

УФ-м и Президентым и Унафэкіэ 2010 гъэм Налшык кьыфІащІыну «Зауэ щыхьым и кьалэ» цІэ лъапІэр.

● Дифі догъэлъапІэ

Гъуэзджэм и лъагапІэм дэкІа КІыщ Мухъэдин

Художествэхэмкіэ Урысей академием и академик, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, Урысейм, КъБР-м я цІыхубз сурэтыщІ, и зэфІэкІ лъагэхэм я пщалъэу нэгъуэщІ цІэ лъапІэ куэд зыфІащ КІыщ Мухъэдин дунейм псом къыщацІыху художникщ, къызэрыхэкІа лъэпкъым и деж пщІэ лъагэ къыщыцызылжьа адыгэлІщ.

СУРЭТ щыІэнэ хэІэижь ди лъэпкъэгъум и екъуІэныгъэфІэхэмрэ и Іэдакъэщ1экі гъэщІагъэнэхэмкІэ щІэх-щІэхыурэ дегъэгурыІуэ. Гъуэзджэм хэзыщыІкІ, ар къызыгурыІуэ куэдым ялъытэ КІыщым и лэжьыгъэхэр. Абы и сурэтхэр Къэрал Третьяковскэ галереем, Иджырей гъуэзджэмкІэ Москва дэт музейм, хамэ къэрал музейхэм, цІыху щхьэхуэхэм я коллекцэхэм щахъумэ.

КІыщ Мухъэдин 2016 гъэм къыхуихьа ехьулІэныгъэхэмрэ гурыфІыгъуэхэмкІэ, дяпэкІэ и мурадхэмкІэ къыддэгуашэмэ ди гуапэу зыхуэдгъэзащ:

- Адрей илъэсхэми хуэдэу, 2016 гъэр схуэфІауэ къызэлъытэ, си лэжьыгъэкІи цІыхуэхэм я деж щызгъуэта зэхэщІыкІкІи, - жиІащ Мухъэдин. - Сыхуейт нэхъапэкІэ хэкум къыщысхуащІа пщІэм мащІэу я гугъу сщІыжьну. Си ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъум, Налшык дэт Лъэпкъ музейм и пэшищми Испанием щызсщІа сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къыщыщсхуэзрагъэпэщащ.

КъБР-м щэнхабэмкІэ и министр Кьумахуэ Мухъэдин си творчествэм теухуа пшыхьыр екІуу, агъэзащІэу, щІэщыгъуэу иригъэкІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и деж тІэунейрэ сригъэблагъэурэ сигъэлъэпІащ, тщІэнухэмкІэ дызэпсэлъащ.

«Дыгъэпс къалэмрэ» Сэралъп Мадинэ и Арт-центрымрэ мастер-классхэр щэзгъэкІуэкІащ, абы къыщысІущІахэм я гъуэзджэм и щэхухэмкІэ садзэгъэщащ, си гуапэщ къахуэсэбэпмэ.

ГъуэзджэхэмкІэ Урысей академием ИскусствоведенэмкІэ и институтым и щІэныгъэлІ нэхъыжь Ступин Сергей си гъащІэм теухуауэ «Лъагэуныгъэм и гъуэзджэ» тхыльыкъыдигъэкІащ. Абы хуэгъэпса пшыхь Гъуэзджэхэмкіэ Урысей академием, Москва и Арбат щІыпІэм щыІэ Тхыльым и унэм, Сурэтыщ1хэм я унэу Москва дэтым, Налшык и «Акрополь» щэнхабэз Іуэхущ1апІэм щагъэкІуэкІащ.

Дыгъэгъазэм Сочэ кьалэ щыІа дунейпсо кинофестивалым си Іэдакъэщ1экІэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къыщыщэрагъэпэщащ. Фестивалым и нагъыщэу щытар си сурэтыщ. Къыхэгъэщіапхъэщ а зэхьыхьм и цІэкІэ «Дуней псом - мамыригъэ», «Зэпсэлъэныгъэ» фІэщыгъэхэм щІэту сщІа сурэтхэм аукционым къыщыпэкІуа мылькур «Зыри тщыгъупщакъым» фондым зэрыхуэзгъэхьар.

Сыкъыщалъхуа си къуажэжьу Шэджэм ЕтІуанэм илъэс 77-рэ сызэрырикъур Іэтауэ щысхуагъэлъэпІащ. Хуабжьу сыщыгуфІыкІащ Шэджэм щІыналъэм илъэс къэс си цІэкІэ фестиваль ирагъэкІуэкІыну зэрыт раухуар.

Кьардэн Хьэсэнрэ Маргъущ Розеттэрэ «Акрополь» щэнхабзэ центрым щысхуащІа илъэсыщІэ гъэлъэгъуэныгъэм студентхэми сащыхуэзащ.

Кьэкіуа илъэсми мурад инхэр хузиІщ. КъБР-м и Іэтащхьэм и лъэІукІэ, Къэбэрдей-Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлІэу, Налшык дэт Сурэтыщ1 гъуэзджэхэмкІэ музейм си гъэлъэгъуэныгъэ щекІуэкІынущ.

Шэщэн Республикэм и Лъэпкъ музейм срагъэблагъэуэ мэкъуаугъэчэ мазэм «Шэщэн зэщІэгъагъэ» гъэлъэгъуэныгъэ кьыщызэІущІэсхьну си мурадщ.

«ЩІыуэпсым сыхуэзэщІу», «Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «Си Андалузие», «Дунейм и бзыльхугъэхэр», «Анэмрэ сабиймрэ», «Макъ» унэтІыныгъэхэмкІэ сиІэ лэжьыгъэхэм кьапысщэну, хэзгъэхъуэну си гугъущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Кулиев Къайсын-100

«Зэныбжьэгъуищ» - аращ фІищар КъБР-м и цІыхубз художник Абей Виктор и сурэт теІыджэм. Кулиев Къайсын, КІыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул сымэ я зэІущІэм теухуауэ мы лэжьыгъэр. *1967 гъэ*

Гъуэзджэм и лъагапІэм дэкІа КІыщ Мухъэдин

Художествэхэмкіэ Урысей академием и академик, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, Урысейм, КъБР-м я цІыхубз сурэтыщІ, и зэфІэкІ лъагэхэм я пщалъэу нэгъуэщІ цІэ лъапІэ куэд зыфІащ КІыщ Мухъэдин дунейм псом къыщацІыху художникщ, къызэрыхэкІа лъэпкъым и деж пщІэ лъагэ къыщыцызылжьа адыгэлІщ.

СУРЭТ щыІэнэ хэІэижь ди лъэпкъэгъум и екъуІэныгъэфІэхэмрэ и Іэдакъэщ1экі гъэщІагъэнэхэмкІэ щІэх-щІэхыурэ дегъэгурыІуэ. Гъуэзджэм хэзыщыІкІ, ар къызыгурыІуэ куэдым ялъытэ КІыщым и лэжьыгъэхэр. Абы и сурэтхэр Къэрал Третьяковскэ галереем, Иджырей гъ

Тхакіуэ, журналист цІэрыІуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

Пэжыр зи гъуазэ Гъэунэ Борис

Гъэунэ Борис Хъызыр и къуэр 1941 гъэм дыгъэгъаэзм и 29-м Къармэхьблэ къуажэм къыщалъхуащ. Нэгуфэ Шорэ и цІэр зезыхьэ ныкуат школ №1-р кьиуха ноужь, 1965 - 1970 гъэхэм щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие кІуачІэм. Ар илъэс куэдкІэ щылажьащ телевиденэмрэ радиовещанэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал комитетым. ИужькІэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм редактору щыІащ.

Гъэунэм и лэжьыгъэфІым кьыпэкІуэу къыхуагъэфэщащ СССР-м и Къэралтелерадиом, Урысей Федерацэм Печатымкіэ и къэрал комитетым я щІыхь тхылъхэр. Ар УФ-м и ТхакІуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэтщ. «КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист» цІэ льапІэрэ къыфІащащ.

ТхакІуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

Батэр згъэшауэ си гугъэжкъым

щІэкІыу еджакІуэхэр кьыздэжьр сэ гукІэ къэзубыду щІэздзащ.

Махуэр уейщи жьы эплихум Хуарэзэ ирысыр кьрешэжкІ. КъуакІи тафи къимыгъанэу Джэбын хужьыр кьрешэжкІ.

Адыгэбзэ кьулейкъэ, щэрыуэкъэ дунейм и щытыкІэр кьызэрыуэта а псалъэхэр?! Дауэ апхуэдэ усэхэм узэрыдламыхьхэужыр?! ЩоджэнцыкІум и творчествэр фІыуэ зэрызэгъэльэгъуам кьыщымынэу, си анэ шыпхъым пэщІэдзэ классым сымыкІуэ щІыкІэ тхэкІи еджэкІи сигъащІащ. Аращи, анэдзэлъхубзэм и Іофыр пэнэу зыхьзигъэщІауэ кьызолъытэ си анэ шыпхъу ГуфІэжьыкъуэ КІунэ.

Адыгэбзэр си нанитІми си анэми фЫы дыдэу ящІэрт. Абыхэми я псэлъэкІэм, я псэльафэхэм си бзэр нэхъ кьулей ящІащ. Школым сыкІуа ноужь, икьукІэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа Дзэмыхь ФЫыцІэ куэд кьызиригъэщІащ. АдакІэ университетым сыщІэпсихьэри, абы щыпажьэ литературэ кружокуми сыхэтащ. Си гъусэу абы екІуалІэрт нобэ куэдым фЫыуэ яцІыху ІутІыж Борис, ЖьэфЫыцІэ Мухьэмэд, Джэрыдж Арсен, Сонэ Абдулчэрим, Абдокъуэ Іуэес, Пщыкі Нурхьэлий, Хьэх Заурбий, Апажэ Ахьмэд, Тхъэзэпіть Хьэсан сымэ.

- Борис, прозэм и мызакъуэу, усыгъэми уи къару ущепльыжащ. Апхуэдэу щытми, тхылъеджэм нэхъыбэу укъыззрацІыхэр прозаикІыщ.

- Иджыпсту усэу зы тхылъ хъун сиІэщ. Ауэ сэ сыусакІэхъыми, абы си Іуэху зэрыхэмылъыр кьызгурыІуэжри, си усэхэр утыку кьисхьэн щызгъэтыжащ. Си прозэм си гъащІэ хьэлъэр хэпща хъуащ. Гум псэхуГэуэ кьезымыт гупсысэр кьыщызэнэкъуэхъуІэ, щхьэхуимыту срехуІэ кьалэмыр кьэщтэнным. «Уэ кьэкІуэж закъуэ, папэ», «Чыщбалъхъ акъужь», «Хьэщ!э» тхыгъэхэр, нэгъэщІ гуэркэри зэ тІысыгъуэкІэ стхахэщ.

- КъызэрызгурыІуамкІэ, уи Іэдакъэщіэкіэзм ЛъабжьэІ яхуэхъур гъащІэм кьыщыхъуа Іуэхугъуэхэщ.

- ГъащІэм кьыщыхъуа Іуэхугъуэр лъабжьэ хуэмыхъумэ, ар тхыгъэкъым. Ар гум емыпхъэуэм, псэм зыхьымыщІэмэ, цІыхур ебжэнукъым. ГъащІэм кьыхэкІа тхыгъэрщ щІэджыкІакІуэр кьызэрыпхудэхьэнкъуэ. ЩІэІэщ ар кьызыгурымыІуэ тхакІуэхэри, я Іэдакъэщіэкіэм кьагурыІуа псэ Іуэхугъуэ гуэр лъабжьэ хуащІрэ, я Іэпэм «кьыщІафыкІыу» тІысыжу. Тхылъеджэр кьыпхуэгъэпщІэнукъым. «Мыр зытхами, тхакІуэу зыкъелъытэж», - кьыпхуэжаІэнурэ ежьэжьнуцу, уи тхыгъэ абы иужькІэ кьилъхьэжьнукъым. Си усэ щІэзмитхыжри аращ. Сигу ирихьажкъым ар кьызэрызэхуІэр. Си сызэрызэпІльжам хуэдэу нэгъуэщІ зыкъомыр зэпІльжауэ щытамэ, апхуэдиз усэ мышур нобэ дунейм кьытехьэнтэжьыщ. ДиІэщ усакІуэ нэсхэр. ІутІыж Борис, Бештокъуэ Хьэбас сымэ я усэхэр уахъытынщэщ. Сэ срогушхуэ ахэр си лъэхъэнэгъуу зэрыщытым.

- Режиссёр щІалэ Хьэмокъуэ Олег уи тхыгъэхэм ящІщ зымкІэ - «Уэ къэкІуэж закъуэ, папэ» рассказымкІэ - фильм трихауэ щытащ. А рассказыр Хэку зауэшхуэм хэкІуэда уи адэ Гъэунэ Хьэзыр и фэеплъ тхыгъэщ. Дауэ кьыпщыухьуа а Іуэхур? Тхыгъэм уи щІэплъхьа гупсысэр фильмым нэсу кьыщыцІэлъэгъуэфа?

- Фильмыр хьэзыр хъухукІэ Іуэхум зыри хэсщІыкІакъым. Утыку кьыщарахьэнум хьыбар сагъащІэри, Кэнжэдэт ІэнатІэзэмкІэ унэм срагъэблэгъащ. Апхуэдэ пщІэ а си тхыгъэм зэригъэтар икъукІэ си гуапэ хъуащ, ар щагъэльагъуэм гуфІэгъуэми гуІэгъуэми сызэщІаубыдат. Рассказым щІэслъхьа гупсысэр зыри ІэщІэмыхуу кьигъэльэгъуэфащ режиссёр щІалэм. Ар куэдкІэ и фЫыщІэу кьызоІуэкІуари. Апхуэдэу егъэлеиуэ зи Іэдакъэщіэкіэхэм егугъу, рассказыр «кхъуэзанэм» хэ, бла щІэзыгъэкІ ди тхакІуэхэм нэгъуэщІ яхэту срихьэлІакъым икІи зэхэсхакъым.

Дэтхэнэ зы тхакІуэми и эзчиир здынэсыр кьызэращытэ пщалъэхэм ящыщІ и бзэр. Тхыгъэр бзэ шэрыуэкІэ мытхамэ, гъэткІугъафІэу щымытмэ, гугъу уехьу фІэкІа и кІэм пхунэгъэсыркъым. Уеблэмэ щызэбгъэтІылъэкІи щыІэщ, утезашэу. Абы и лъэныкъуэкІэ утепсэлъыхьмэ, Гъэунэм и рассказэр хьэлэмэту адыгэбзэ ныкуэдкІэ тхащ. А жьсІам и щапхъэу кьэпхъ хьунущ «Уэ къэгъэзэж закъуэ, папэ», «Пощтым», «Шыцуэс», «Чыщбалъхъ акъужь», «Нэхулъэ», «Жэнэзыщым» жыхуиІэкъэр. Куэд мэхъу, дэтхэнэм и цІэр иплІэн.

Борис и Іэдакъэщіэкіэм ГъащІэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэ, Іуэхугъуэ нэхъыбэу тегъэщІапІэ щищІыр жьІпІэмэ, кьыхэгъэщіпхъэу кьызоІльытэ Хэку зауэшхуэ екІуэкІам и Іэужь бзаджэр и тхыгъэ зыкъомым зэребгъкІыр. А лъэхъэнэ дыджьи и гугъу зымыщІа прозаик диІэу кьыщІэкІынкъым, ауэ зи адэр зауэм зэкІуэда тхакІуэр абы зэрытепсэлъыхьыр адрейхэм яйм фЫыуэ кьыщхьэщоКІ. Ди адыгэ жьлагъуэ кьызэрыгуэкІым зауэ ноужьым иІа псэукІэр зыхуэдэр, цІыхухэм я зэхущытыкІэр, я образэхэр апхуэдизкІэ уи фІэщ хъууэ уи нэгу кьыщІегъэкъэри, «ярэби, мы псор езы тхакІуэм и сабиигъуэм и нэгу щІэмыкІкІэу пІэрэ?» жьІоІэ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщІэ, «Уэ къэгъэзэж закъуэ, папэ», «Пощтым» рассказэр. Я бзэкІи, хэт персонажкІи, я сюжеткІи апхуэдизкІэ зэгъэкІуауэ, тельыджэу зэгъэпэщащ хъуащи, адыгэ тхакІуэ дызэрыгушхуэхэм я Іэдакъэщіэкіэм я мызакъуэу, къэралым иц прозаик нэхъ Іэзэхэм ятхам ебгъапщэкІэ, емыфэгъуэкІыну фэ изоплъ а тІур. «Уэ къэгъэзэж закъуэ, папэ» и тхыгъэр, кІуэаракъэ, «шедевр» жьісІэми езгъэлейуэ си гугъэкъым. Ар гунэс ящмыхьуамэ, рассказыр и лъабжьэу телевиденэм кино трихынт?

Абы елъэхъшэкІыркъым «Пощтым» зыфІища рассказри. Ар апхуэдэу гунэс щІытщхьуам и гугъу фхуэтщІынщ. И щІалэ цІыкІум, илъэс зытхух зи ныбжьым, анэр ІоІльэІу пощтым кІуэуэ зауэм хэкІуэда и адам щхьэкІэ кьрат пенсэр кьыйихну. Сабийр гьынанэуэрэ пщІантІэм докІ. Абы и гур щыкІащ пощтым. Махуэ кьэс макІуэ, ахъу сыт и пэрмэн, сыт щыгъуи Хьалидыжьыр кьахохкІиери жьыри щІэри зэбгрехуэ: «Фьбанэу мыбдеж фЫщызэхмыт, нобэ ахъшэ щьІэнукъым», - жери. Пажу, абы и пІэр щІэзыгъэкІыу щьІэщ зы Іэхуэгъуэ: ахъшэр кьихьмэ, хьэфэ топшхуэрэ джанэ щІэрыпсэр кьыхуищхуну кьитІэгугъащ и анэм. Ар игу кьокІыжри зреч щІалэ цІыкІум, адакІэ езы сабиим и псэльэкІэ пытщэнщи, «Си лъащхьэвэр щІэзыгъанэ гъэзгу сабэм сыкІысыпти, жьэгу мафІэм дзэ яжьэ пщтырым сыхэувэми ярейти, си гъэр псынщІэ-псынщІэу щІым кьытеспхъэтыкІыуэ сежжьырт. Сабэм укьыжкІэрэ дыгъэ хуабзэкъэм трилигъуэкІа гъэгубгъум утехьэкІи зыкІи нэхъ щІагъуэтэкъым: нэхъ Іеижу уи гъэгу щІижьыкІырт, ятІэ шыкъыхрэр лъэгудыгъуэм кьиуэрти, пльэмыкІыу уэзщІагъэтІысыкІырт...» АрщхьэкІэ пощтым кІуэуэ гъэгу здытетым Балъкъ псышхуэм теІъ лъэмыж икІыпІэм дежь кьыщоувыІэ. Абдеж щысыт къаз гупышхуэ, я шырхэр ящІыгъуу. Абыхэм мызэ-мытІэу кьыщІаГъэІат сабийр. Ахэр лъэмыж техьэпІэм щыІуКІынум пэплъэурэ мо хуабзэхэм щІалэ цІыкІУр тотІысхьэ абдеж щыпІэ мывэ джейм. Ауэрэ мо хуабзэхэм жейр кьытокІуэ... Абы зы зэман гу кьыІьетэ лъэмыжым кьикІыж я ГъэнэгУ цІыхубзым - кьеГъэтэджри я унэ ешэж. КьызэрыщІэкІмкІэ, а махуэм ятат пенсэр. ЕТІуанэ пщэдджыжьым и анэм щІыГъуу пощтым кІуэ щхьэкІэ, «ведомэстым итщ естауэ» жери Хьалидым зариГъэумысакъым. Ахъшэр яфІшхащ.

Рассказыр зэриухри тхакІуэм бГъэдэлъ эЗчиИм и нэщэнэщ. Илъэс куэд дэкІащ тхыгъэм зыщытепсэлъыхьа Іуэхугъуэр кьызэрыхьурэ. ЩІалэ цІыкІури балигъ хъуащ. «...Нобэми ныжьбэми згъэщІагъэр зыщ, - жеІэ абы, - а сызытесащ щыта мывэ джей ПащІэжьыр а здэщыІъа дыдэм деж, а зэрыщыІъа дыдэм хуэдэу, нобэми щыІльщ. ЩЫльщ, нобэми ныжьбэми, зэгуэмыудауэ е къэмычауэ». Абы нэхърэ нэхъ кІэух дахэ, гупсысэ куэ зыщІэлъ улъыхъэкІи къыпхуэгъуэтынкъым.

Ди нобэм, ирэ ныкъуэрэ щызэрымыщІэ зэманым кьыстухуихьам, зэблагъэ дыдэхэри зэпэІэщІэ зэрищІам ди адыгэ тхакІуэ пажжэм ящыщ тетхьыхьаІауэ сщІэркъым. Абы теухуауэ Борис иджьблагъэ «Адыгэ псалъэм» кьытриригъэдащ рассказ хьэлэмэт «ЛъагъунлъагъУ» и фІэщыгъэщІэу. Ар зытеухуам кІэщІу дыкъытеувыІэнщ. Унэ-лъапсэщІэ итІыхьэжа и анэ шыпхъур ильагъуну, ехъуэхъуну макІуэ щІалэр, и щхьэгъусэмрэ и къуэ цІыкІумрэ щІыгъуу, Здеблэгъам я унэр домбейщ, я пщІантІэр мраморкІэ къищыкІащ, я унэльащІэрщи, хьэкъ лъапІэ дыдэхэм хуэдэщ. Лъагъунлъагъу къэкІуамрэ кьыздэкІуамрэ я псэукІэм шурэ лъэсрэ зэриізэхуакур наІуэ пщещІ я зыхуэпэкІам: унэр зей фызыжьым. Пагуэ, и щыгъыным, и Іэпымтхьэгъуэм хуабжьу иофэгъуэкІ абы хуеблэгъа Назирэт ейхэр. НысащІэм и кІэстумыр тІорысэрэ ныкъуэтекІыжмэ, бысым цІыхубзым ейр щІэрыпсэщ. Назирэт и щхьэр здихьнуур ищІэрыжьм, апхуэдизкІэ и щытыныбмэрэ кІэрыпль цІуГъэнэ гуплхэмрэ ироукІыІэри. Щхьэгъусэм и анэ шыпхъум дежь къэкІуа цІыхубзым сытым хуэдэу и псэр гугъу ехьрэ мыльукъкІэ, кьулеягъкІэ игъащІэкІэ зыльэщІэмыхьэну унагъуэм кьыззрихьам щхьэкІэ. Аращ ди нобэрей зэманым и нэщэнэр: минрэ уи Іыхьлыми, уи благъэми, жьыр кьыщепщэр зымыщІэ унагъуэм укъызэрипсэныгъкъым, хуэмыщІауэ упсэумэ. Уеблэмэ фызыжьым ищІэркъым и анэ къиблъхуа и шыпхъум нысэ хуэхъуам и цІэр, и шыпхъум и къуэм бын дапщэ иІэми щыгъуазэкъым...

Гъэунэ Борис и дэтхэнэ художественэ тхыгъэми утепсэлъыхьырыбнущ кІыхьу. Си фІэщ мэхъу абы и Іэдакъэщіэкіэм еджэ дэтхэнэ зыри зэрыхущІемыгъуэжьнур, зэгупысын куэд кьыззрыхихьнур.

Си ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу ди шынэхъыжьым хужьІтІэ псалъэмакъыр ныкъуэ хьунт абы и творчествэм и адрей лъэныкъуэхэм кІэщІу я щхьэфэ димыІэбамэ. Борис щІэхъуахукъым поэзиеми - усэ хъарзынэ Іэрамэ зыбжанэ иІэщ. Псом хуэмыдэу гурыхьащ, гуапэрэ и очеркхэр. Зэманыфікіэ телевиденэми радиоми щылажьэу, журналист пажэкэм я сатырым хэту кьэгъуэгурыкІуа, «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист» цІэр зыхуагъэфэща а лІым и Іэдакъэ кьыщІэкІащ литературэм, щэнхабэзм. нэгъэщІ Іэнатіэкэм зэфІэкІ щызиІэ цІыхухэм ятеухуа тхыгъэ хьэлэмэт зыкъом. Къимыдэкіэ, тхылъ тедзапІэм щыщыІэжьа илъэсхэм зэфІэкІыІыхуэ ирихьэлІащ ди сабийхэм школым щаджыну тхыгъэ нэхъыфІхэр зэрыт тхылъхэр куэдрэ къыдэкІыным.

Уи къуитІымрэ абы кьащІэтэджа цІыкІухэмрэ я гуфІэгъуэ ущымыщІэу куэдрэ дяпэ итыну ди гуапэщ Борис.

МЫЗ Ахьмэд.

Зэ уеджамэ, пщыгъупщэркъым

Цыхуум ныбжь хъарзынэ кьыщыззринэкІам деж зэм-зэм кьыхуохуэ кьикІуа гъэгуэгуанэм щриплъэж. Борис зэплъэкІыжрэ и илъэсхэр щІипщытыкІыжмэ, шэч хэмылъу, и щхьэр лъагэу щІилъагъужьи Іэужьыф кьызэренэкІ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ Іутами - ар телевиденэ, радио, тхылъ тедзапІэ ирехъуи - и акъылри, и щІэныгъэри, и зэфІэкІри Іуэхум щхьэусыхьхьуищІу кьэгъуэгурыкІуащ. Ар зэи ящыщакъым и пщэ кьыдэхуэ къалэным ІэхъуэгъуэтегъэкІыу бгъэдэтхэм - хэт ищІэн, зэрысабийрэ ар хьэл хуэхъуауэ кьыщІэкІынт.

Зэ уеджамэ, пщыгъупщэркъым

ДИ КЪЭБЭРДЕЙ прозаик пажэхэм я гугъу пщІымэ, Гъэунэр абыхэм зэращыщым шэч кьытесхьэркъым. Псом хуэмыдэу абы и Іэзагъэр здынэсыр наІуэ щыхьащ рассказ жанрым. Абыкіэ Борис зэфІэкІышхуэз зэриІэм, и адыгэбзэр шэрыуэу зэриГъабзэм нэхъапІэуэкІэ тетхьыхьащ ди тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Хьэх Сэфарбий, Кьэжэр Хьэмид сымэ, нэгъуэщІхэри.

Гъэунэр ящыщкъым тхыгъэ куэд зи Іэдакъэ ящыщІэкІэм е а итхар мыгъущж щІыкІэ газетым, журналым, тхылъ тедзапІэм зыхьхэм. АпхуэдизкІэ гумызагъэщ, зыхьэрэзэщыкъми, рассказыр зыхьІлрэ кьыщиттхыкІыж щьІэщ. Аращ темэм хуэмылажьэ псалъэ, псалъэухэ лей хэмыту абы и тхыгъэхэр щызэщІэкъуари. Апхуэдизу егъэлеиуэ зи Іэдакъэщіэкіэм егугъу, рассказыр «кхъуэзанэм» хэ, бла щІэзыгъэкІ ди тхакІуэхэм нэгъуэщІ яхэту срихьэлІакъым икІи зэхэсхакъым.

Дэтхэнэ зы тхакІуэми и эзчиир здынэсыр кьызэращытэ пщалъэхэм ящыщІ и бзэр. Тхыгъэр бзэ шэрыуэкІэ мытхамэ, гъэткІугъафІэу щымытмэ, гугъу уехьу фІэкІа и кІэм пхунэгъэсыркъым. Уеблэмэ щызэбгъэтІылъэкІи щыІэщ, утезашэу. Абы и лъэныкъуэкІэ утепсэлъыхьмэ, Гъэунэм и рассказэр хьэлэмэту адыгэбзэ ныкуэдкІэ тхащ. А жьсІам и щапхъэу кьэпхъ хьунущ «Уэ къэгъэзэж закъуэ, папэ», «Пощтым», «Шыцуэс», «Чыщбалъхъ акъужь», «Нэхулъэ», «Жэнэзыщым» жыхуиІэкъэр. Куэд мэхъу, дэтхэнэм и цІэр иплІэн.

Борис и Іэдакъэщіэкіэм ГъащІэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэ, Іуэхугъуэ нэхъыбэу тегъэщІапІэ щищІыр жьІпІэмэ, кьыхэгъэщіпхъэу кьызоІльытэ Хэку зауэшхуэ екІуэкІам и Іэужь бзаджэр и тхыгъэ зыкъомым зэребгъкІыр. А лъэхъэнэ дыджьи и гугъу зымыщІа прозаик диІэу кьыщІэкІынкъым, ауэ зи адэр зауэм зэкІуэда тхакІуэр абы зэрытепсэлъыхьыр адрейхэм яйм фЫыуэ кьыщхьэщоКІ. Ди адыгэ жьлагъуэ кьызэрыгуэкІым зауэ ноужьым иІа псэукІэр зыхуэдэр, цІыхухэм я зэхущытыкІэр, я образэхэр апхуэдизкІэ уи фІэщ хъууэ уи нэгу кьыщІегъэкъэри, «ярэби, мы псор езы тхакІуэм и сабиигъуэм и нэгу щІэмыкІкІэу пІэрэ?» жьІоІэ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщІэ, «Уэ къэгъэзэж закъуэ, папэ», «Пощтым» рассказэр. Я бзэкІи, хэт персонажкІи, я сюжеткІи апхуэдизкІэ зэгъэкІуауэ, тельыджэу зэгъэпэщащ хъуащи, адыгэ тхакІуэ дызэрыгушхуэхэм я Іэдакъэщіэкіэм я мызакъуэу, къэралым иц прозаик нэхъ Іэзэхэм ятхам ебгъапщэкІэ, емыфэгъуэкІыну фэ изоплъ а тІур. «Уэ къэгъэзэж закъуэ, папэ» и тхыгъэр, кІуэаракъэ, «шедевр» жьісІэми езгъэлейуэ си гугъэкъым. Ар гунэс ящмыхьуамэ, рассказыр и лъабжьэу телевиденэм кино трихынт?

Абы елъэхъшэкІыркъым «Пощтым» зыфІища рассказри. Ар апхуэдэу гунэс щІытщхьуам и гугъу фхуэтщІынщ. И щІалэ цІыкІум, илъэс зытхух зи ныбжьым, анэр ІоІльэІу пощтым кІуэуэ зауэм хэкІуэда и адам щхьэкІэ кьрат пенсэр кьыйихну. Сабийр гьынанэуэрэ пщІантІэм докІ. Абы и гур щыкІащ пощтым. Махуэ кьэс макІуэ, ахъу сыт и пэрмэн, сыт щыгъуи Хьалидыжьыр кьахохкІиери жьыри щІэри зэбгрехуэ: «Фьбанэу мыбдеж фЫщызэхмыт, нобэ ахъшэ щьІэнукъым», - жери. Пажу, абы и пІэр щІэзыгъэкІыу щьІэщ зы Іэхуэгъуэ: ахъшэр кьихьмэ, хьэфэ топшхуэрэ джанэ щІэрыпсэр кьыхуищхуну кьитІэгугъащ и анэм. Ар игу кьокІыжри зреч щІалэ цІыкІум, адакІэ езы сабиим и псэльэкІэ пытщэнщи, «Си лъащхьэвэр щІэзыгъанэ гъэзгу сабэм сыкІысыпти, жьэгу мафІэм дзэ яжьэ пщтырым сыхэувэми ярейти, си псэр псынщІэ-псынщІэу щІым кьытеспхъэтыкІыуэ сежжьырт. Сабэм укьыжкІэрэ дыгъэ хуабзэкъэм трилигъуэкІа гъэгубгъум утехьэкІи зыкІи нэхъ щІагъуэтэкъым: нэхъ Іеижу уи гъэгу щІижьыкІырт, ятІэ шыкъыхрэр лъэгудыгъуэм кьиуэрти, пльэмыкІыу уэзщІагъэтІысыкІырт...» АрщхьэкІэ пощтым кІуэуэ гъэгу здытетым Балъкъ псышхуэм теІъ лъэмыж икІыпІэм дежь кьыщоувыІэ. Абдеж щысыт къаз гупышхуэ, я шырхэр ящыІгъуу. Абыхэм мызэ-мытІэу кьыщІаГъэІат сабийр. Ахэр лъэмыж техьэпІэм щыІуКІынум пэплъэурэ мо хуабзэхэм щІалэ цІыкІУр тотІысхьэ абдеж щыпІэ мывэ джейм. Ауэрэ мо хуабзэхэм жейр кьытокІуэ... Абы зы зэман гу кьыІьетэ лъэмыжым кьикІыж я ГъэнэгУ цІыхубзым - кьеГъэтэджри я унэ ешэж. КьызэрыщІэкІмкІэ, а махуэм ятат пенсэр. ЕТІуанэ пщэдджыжьым и анэм щІыГъуу пощтым кІуэ щхьэкІэ, «ведомэстым итщ естауэ» жери Хьалидым зариГъэумысакъым. Ахъшэр яфІшхащ.

Рассказыр зэриухри тхакІуэм бГъэдэлъ эЗчиИм и нэщэнэщ. Илъэс куэд дэкІащ тхыгъэм зыщытепсэлъыхьа Іуэхугъуэр кьызэрыхьурэ. ЩІалэ цІыкІури балигъ хъуащ. «...Нобэми ныжьбэми згъэщІагъэр зыщ, - жеІэ абы, - а сызытесащ щыта мывэ джей ПащІэжьыр а здэщыІъа дыдэм деж, а зэрыщыІъа дыдэм хуэдэу, нобэми щыІльщ. ЩЫльщ, нобэми ныжьбэми, зэгуэмыудауэ е къэмычауэ». Абы нэхърэ нэхъ кІэух дахэ, гупсысэ куэ зыщІэлъ улъыхъэкІи къыпхуэгъуэтынкъым.

Ди нобэм, ирэ ныкъуэрэ щызэрымыщІэ зэманым кьыстухуихьам, зэблагъэ дыдэхэри зэпэІэщІэ зэрищІам ди адыгэ тхакІуэ пажжэм ящыщ тетхьыхьаІауэ сщІэркъым. Абы теухуауэ Борис иджьблагъэ «Адыгэ псалъэм» кьытриригъэдащ рассказ хьэлэмэт «ЛъагъунлъагъУ» и фІэщыгъэщІэу. Ар зытеухуам кІэщІу дыкъытеувыІэнщ. Унэ-лъапсэщІэ итІыхьэжа и анэ шыпхъур ильагъуну, ехъуэхъуну макІуэ щІалэр, и щхьэгъусэмрэ и къуэ цІыкІумрэ щІыгъуу, Здеблэгъам я унэр домбейщ, я пщІантІэр мраморкІэ къищыкІащ, я унэльащІэрщи, хьэкъ лъапІэ дыдэхэм хуэдэщ. Лъагъунлъагъу къэкІуамрэ кьыздэкІуамрэ я псэукІэм шурэ лъэсрэ зэриізэхуакур наІуэ пщещІ я зыхуэпэкІам: унэр зей фызыжьым. Пагуэ, и щыгъыным, и Іэпымтхьэгъуэм хуабжьу иофэгъуэкІ абы хуеблэгъа Назирэт ейхэр. НысащІэм и кІэстумыр тІорысэрэ ныкъуэтекІыжмэ, бысым цІыхубзым ейр щІэрыпсэщ. Назирэт и щхьэр здихьнуур ищІэрыжьм, апхуэдизкІэ и щытыныбмэрэ кІэрыпль цІуГъэнэ гуплхэмрэ ироукІыІэри. Щхьэгъусэмрэмэрэ и анэ шыпхъум дежь къэкІуа цІыхубзым сытым хуэдэу и псэр гугъу ехьрэ мыльукъкІэ, кьулеягъкІэ игъащІэкІэ зыльэщІэмыхьэну унагъуэм кьыззрихьам щхьэкІэ. Аращ ди нобэрей зэманым и нэщэнэр: минрэ уи Іыхьлыми, уи благъэми, жьыр кьыщепщэр зымыщІэ унагъуэм кьыззрипсэныгъкъым, хуэмыщІауэ упсэумэ. Уеблэмэ фызыжьым ищІэркъым и анэ къиблъхуа и шыпхъум нысэ хуэхъуам и цІэр, и шыпхъум и къуэм бын дапщэ иІэми щыгъуазэкъым...

Гъэунэ Борис и дэтхэнэ художественэ тхыгъэми утепсэлъыхьырыбнущ кІыхьу. Си фІэщ мэхъу абы и Іэдакъэщіэкіэм еджэ дэтхэнэ зыри зэрыхущІемыгъуэжьнур, зэгупысын куэд кьыззрыхихьнур.

Си ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу ди шынэхъыжьым хужьІтІэ псалъэмакъыр ныкъуэ хьунт абы и творчествэм и адрей лъэныкъуэхэм кІэщІу я щхьэфэ димыІэбамэ. Борис щІэхъуахукъым поэзиеми - усэ хъарзынэ Іэрамэ зыбжанэ иІэщ. Псом хуэмыдэу гурыхьащ, гуапэрэ и очеркхэр. Зэманыфікіэ телевиденэми радиоми щылажьэу, журналист пажэкэм я сатырым хэту кьэгъуэгурыкІуа, «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и журналист» цІэр зыхуагъэфэща а лІым и Іэдакъэ кьыщІэкІащ литературэм, щэнхабэзм. нэгъэщІ Іэнатіэкэм зэфІэкІ щызиІэ цІыхухэм ятеухуа тхыгъэ хьэлэмэт зыкъом. Къимыдэкіэ, тхылъ тедзапІэм щыщыІэжьа илъэсхэм зэфІэкІыІыхуэ ирихьэлІащ ди сабийхэм школым щаджыну тхыгъэ нэхъыфІхэр зэрыт тхылъхэр куэдрэ къыдэкІыным.

Уи къуитІымрэ абы кьащІэтэджа цІыкІухэмрэ я гуфІэгъуэ ущымыщІэу куэдрэ дяпэ итыну ди гуапэщ Борис.

МЫЗ Ахьмэд.

КъБКъУ-м щылажьэ «Адыгэ Хасэ» литературэ згъуэхьэныгъэм хэтхэрщ. Гъэунэ Борис щытхъэм яку дэтщ. *1966 гъэ*

Зырызхэм ящыщщ

Си цІэджэгъу! Тхэр куэдщ, тхакІуэр зырызщ. Уэ мис а зырызым уащыщщи, уузынщэну, уи Іэдакъэщіэкіэ щІэджыкІакІуэхэр дяпэкІи куэдрэ бгъэгуфІэну Тхьэм жиІэ!

МЭЗЫХЬЭ Борис.

ГущІэм нос

Гъэунэ Борис и творчествэ псоми сытепсэлъыхьыну си дежкІэ гугъу хъунущ, сыту ящІэмэ сызыщыгъуазэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІаУэ щыІэ тІэкІурщ.

АБЫХЭМ ящыщу сэ хуабжьу тельыджэ сщІэхъуащ «Уэ къэгъэзэж закъуэ, папэ» жьхуиІэ рассказыр. Сыт хуэдиз фІыльагъуныгъэкІэ гъэнщІа ар! ГубампІэр сыту нэсу кьыщыгъэльэгъуа! Дэтхэнэ зы псалъэри гущІэм нос, уи нэпс кьемыкІуэгу укъеджэн плъэкІыркъым. КьызэрыгуфІэкІ бзэкІи тха хуэдэ зэ еплъыгъуэкІэ, ауэ абы сабий псэльэкІэкІэ, сабий гупсысэкІэкІэ, сабиинэкІэ кьыщыгъэзгъуэ хуащ гъащІэм дызыщихьэлІэ гъэзэгъуэр.

Е лъагъуныгъэшхуэгъэ е гуаузыхуэгъуэ гъуазджэ нэсыр кьызыхьэкІыр. Борис и лІыхъужьым - щІалэ цІыкІум - гъащІэм щигъэва гуаузр пэжу ди пащхьэ кьриплъащ. А тхыгъэ гъуазджэр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа Гъэунэм сохъуэху гум кьинэжьи прозэ лъащ дяпэкІи итхыну, гъащІэ кІыхь иІэну.

АХМАТОВЭ Сафарият.
балъкъэр усакІуэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.

Балъкъ и къуэ

Гъэунэ Борис хузотх

Къаэлмыр эпэщу богъабэз,
Бэм лъэкІыр ІурыщІэ кьыбощІ,
Къэбгъэщіыр псынэсу мжабэз,
Уи гуащІэм тхылъеджэм пщІэ хуещІ.

Уи уси, уи прозэ щІэщыгъэщІ,
ЯфІэфІу, дихьэхыу щІаджыкІ,
КъэпІэтыр сыт щыгъуи Іуэху игъэщІ,
ЩІхьэмыпэ Іэдакъэ щІэмыкІ.

Уи тхылъу «Нэхулъэ» щІэ зиІэм
Дыкъеджэу нэхущыр кьыпотщхъэ,
ІэфІагъыу, пжагъыу кьыдженІэм
ГугъэфІыр кьрельхъэ дэ ди щхьэ.

Уи псалъэр къуелёиуэ уохуанэ,
Захуагъэр уэ уи бзэм кьыпощ,
ЦІыкІу-нэмы уощІыфІыр я гуапэ,
Уэрэдыр дахащэу кьыбощ.

Сыт щыгъуи уи Іэщэщ пжыр -
Уи тхыгъэхэм тщащІ нэрылъагъу.
Къулейщ, Борис, уи Іэужьыр,
Уи щІэжькІакІуэхэм яльагъу.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий.
2011 гъэ

Гъэунэ Борис теухуауэ утхэнуж тыншу кьыщІэкІынкъым, псом хуэмыдэу ар фІыуэ щыцІыхуам и деж. Псалъэжьым зэрижиІэр сигу кьэзгъэкІыжмэ, зы шыгъу путкъым абы дэсшхар. Борис пщІэ зыхуэфащэ щІыхуэщ, тхакІуэщ.

АР КЪАРМЭХЬФБЛЭ жьлэжьым кьыщалъхуащ, и сабиигъэр Чыщбалъхъ псыхуэм щихьащ. ТІэкІу кьэжэпхъа нэужь, Гъэнэгъу кьуажэхэм и закъуэу кІуэф щыхьуам, Сэрмакъ кьуажэмрэ ЩІалэгъуэ щыІащ. Сэрмакъ кьуажэмрэ Къармэхьблэмрэ зы гъэгу Іуфэ Іусщ, зэрызэзгъэІыкІуэри аращ. Ялэ дыдэ щысльэгъуар ди Балъкъ псыхъэгъуэ. Си кьэзыр нэхъыжьхэм я гъусэу ди псыхъэм кьэдрэ щыджэгуащ. А псори фІы дыдэу сымыщІэжми, ар сэр нэхърэ нэхъыжьти, нэхъ гу кьысльитэу, «сабийщ» жьхуиІэу нэхъ кьысхуэгупщІанэу, нэхъ кьысхуэсакъыу, икІи нэхъ сигъэгушхуэу зэрыщытар си гум Іэфіу кьыхуинэжащ. Абы щыгъуэ хэтыт зигу кьэкІыр ар тхакІуэ хъуну, зэман дэкІа нэужь журналист Іэщіагъэм дэ ТІур дызэхуишэжыну?! Іэхъуащ апхуэдэу икІи 1977 гъэм радиом сыщылэжьэну срагъэблэгъа нэужь, Гъэунэ Борис сыхуэзэжащ.

Хьэлэмэтраци, езым сыкъицІыхужащ. ЗэманыфІ дэкІат дызэрымыІэр. А лъэхъэнэм

● Гъуазджэ

ЗэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ Прохладнэ къалэм и Художественнэ школым и гъэсэнхэм я лэжьыгъэхэр. Ар «Си Хэкум и фэеплъхэр» зэпеуэм нэхъыфІу къыщалъытахэрщ. Выставкэм утыку къыщрахьащ ныбжьыщІэхэм я сурэт 60-м щІигъу.

- ПРОХЛАДНЭ къалэм и Художественнэ школым и гъэсэнхэм я лэжьыгъэхэр щІэщыгъуэщ, удэзыхьхщ, узыгъэгупсысщ. Ныбжьыщ1эхэм ехъулІныгъэ яІэну, я зэфІэкІым адэкІи хагъэхъуэну си гуапэщ, - жиІащ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуихым.

Тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъэр хъумэнымкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Созаев Ахъмэт** къыхихыгъэщащ иджыблагъэ сурэт щІынымкІэ я Іэхъущапльэм иригъэкІуэкІа «Си Хэкум и фэеплъхэр» зэпеуэм республикэм и район псори жыджэру зэрыхэтар гуапэ зэрыщыхъуар, абы щытекІуа ныбжьыщІэхэр зэрагъэлъэпІар икІи абыхэм я ІэдакъэщэкІхэм республикэм исхэр еплъыну Іэмал зэраІэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр фэеплъхэм нэхъри игъэдахэ. Ди Іэхъущапльэм къыхилъхьа зэхьэзэхуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ ныбжьыщІэхэм я Хэкур фІыуэ ялъагъуу, абы и тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэм пщІэ хуащІу, ахэр яхъумэу къэгъэзэнымкІэ. Зэпеуэм хэтахэр Іэхъум щІэщыгъуэу зэрыбгъэдыхьам гу лъыптэрт. КъэпщытакІуэ гупым хагъэхьа сурэтыщІ, тхыдэдж, щІэныгъэлІ щІэрыІуэхэм я къалэныр мытынымри, фІым я фІыжу къалъытахэр къыхахащ. Апхуэдэ хъуащ Прохладнэ къалэм и Художественнэ школым и сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІаахэр, - жиІащ Созаевым.

Прохладнэ къалэм и Художественнэ школым и унафэщІ **Тесля Александр** къытеувыІащ я гъэсэнхэр гъуазджэм и жанр зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыщылажьэм, зэфІэкІ зэраІэм, абыхэм я сурэтхэм я щІыналъэм и щІыуэпсыр, гъэм и зэманхэм я дахагъэр, лъэпкъ хабзэкэр, тхыпхъэхэр, удз гъэгъахэр, натюрмортхэр къызэрыщагъэлъэгъуам.

- Ди гъэсэнхэм я ІэдакъэщІэкІхэр цІыхухэм ягу зэрыдыхьэнум, абыхэм щІэупщІэ зэраІэнум шэч къытесхьэркъым. Гъуазджэм дихьэх ди ныбжьыщІэхэм я ехъулІныгъэхэм дрогушхуэ, ди щхьэр лъагэу дагъэлъагъуж. А Іэхъугъуэм, дауи, ди егъэджакІуэхэми я фІыгъэ хэлъщ. Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщащэхэм фІыщІэ фхуэфащэщ ди ныбжьыщІэхэм я сурэтхэр музейм щагъэлъэгъуэну Іэмал зэраІэм папщІэ, - жиІащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ щІэинхэр хъумэнымкІэ къэрал управленэм и унафэщІ **Кислицын Александр** фІыщІэ яхуищІащ зэпеуэр кІыхьэзэлъхьахэм, ар ирагъэкІуэкІынымкІэ кьадзэІэпыкъуа егъэджакІуэхэмрэ абы хэта я гъэсэнхэмрэ. Кислицыныр тепсэлъыхьащ республикэм и фэеплъ 437-рэ учётым зэрыщагъэтхам, абы щыщу 111-м федеральнэ, 326-м республикэ мыхьэнэ зэраІэм. Къыхихгъэщащ ди щІыналъэм иджыри къыщагъэта фэеплъи 132-р реестрым щрагъэтхыну къаэзэрыпщылъыр, ахэр яхъумэныр, зыхуей хуагъэзэныр, я нэІэ трагъэтыныр я Іэхъущапльэм и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм, гупльэтэ зыкуэфащэу къальытэхэм фэеплъэр ди щІыналъэм зэрыщыхуагъэувыр зэригуапэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Шапсугия» газетым и щІыхькІэ

Лазаревск дэт Лъэпкъ щэнхабзэ центрым щекІуэкІащ «Псынэхэр» фестивалыр. Ар къыззрагъэпэщащ «Шапсугия» газетыр къыззрыунэхурэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ.

ФЕСТИВАЛЫР я жэрдэмщ Лазаревск дэт Лъэпкъ щэнхабзэ центрыр зэхэзыубла **Мазлумян Крикорр**э Адыгеймрэ Кубанымрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Хеишхуэ Аслъэнрэ**.

Илъэс еянэ хъуауэ екІуэкІ фестивалыр лъэпкъхэм я щэнхабзэ мазхуэшхуэ хъуащ. Илъэс 25-рэ я ІэкІэ, 1991 гъэм накъыгъэм и 18-м япэу къыдэкІа «Шапсугия» газетым и щІыхькІэ къызэрагъэпэща зэхьэхьэр щІэщыгъуэ, гукъинэж хъуащ. Ар ягъэдэхащ Лазаревск, ТІуапсы районхэм я сабий художественнэ ансамблхэм, уэрэджыІакІуэхэм, къэфакІуэхэм, макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэхэм. Кьыхэгъэщыпхъэщ фестивалым зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм я бжыгъэр 250-м зэрыщІигъур.

- Дэтхэнэ зы зэхьэхьэми, псом хуэмыдэу сабийхэр зыхэтынужми, кьыптехуэ зэхуаплыныгъэр зыхэпщІэу зыхузгъэхьэзырын хуейщ, - кьыхихгъэщащ шапсигъэхэм я Жылагъуэ парламентым и унафэщІ **КІэкІыхъу Мэжид**. - Іэхъум цІыху пщІы бжыгъэхэр къыхэтшащ. ФІыщІэ лей яхуэфащэщ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщІ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хеишхуэ Руслан**, ТІуапсы, Лазаревскэ районхэм я администрацэхэм щэнхабзэмкІэ я управленэхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм я унафэщІхэм, фестивалым хэта сабийхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ. Пшыхьым кьрихьэлІаэм фестивалыр ягу дихьащ. Гуапэщ къыхэтлъхьа Іэхъум апхуэдэ щІэупщІэ зэриІэр.

Фестивалым хьэщІэ лъапІэу ирагъэблагъащ Адыгэ Республикэм и Тохъутэмыкъуей къуажэм макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ и «Удж» цІыхубэ ансамбль цІэрыІуэр. Апхуэдэу «Псынэхэр» фестивалым хэтащ ТІуапсы районым и Новомихайловскэ къуажэм и «Черкесия» къэфакІуэ ансамблым и артистхэр. Фестивалым махуэ бжыгъэкІэ и пэ кьихуэу, гупым Адыгэ Хасэмрэ щІыналъэм и унафэщІхэмрэ къабгъэдэкІыу къаІэрэльхьащ куэд щІауэ зыпэплъэ саугъэтхэр - лъэпкъ фащэхэр. КІэкІыхъу Мэжид зэрыжиІэмкІэ, мы илъэсым ныбжьыбзыу, Адыгэ щэнхабзэ центрым и «Шапсугия» ансамблми лъэпкъ фащэхэр кьратынущ. АдэкІи пащэнгъ сабий ансамблхэм ядэІэпыкъуным.

Фестивалыр тенджызэ фІыцІэм и Іуфэм Іус шапсыгъэм я щэнхабзэ гъащІэм и Іуэху дахэ хъуащ икІи гукъинэжу ирагъэкІуэкІащ. Гуп псоми щІэщыгъуэу, гъэщІэгъуэну, зыр адрейм емыщхьу зыкъагъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу къызэхуэсахэм ягу дихьащ Хьэжыкъуэ къуажэм и сабий гъэсапІэ №97-м и гъэсэн цІыкІухэм «Псынэхэр» фестивалым утыку къыщрахьар.

Махуэшхуэр концерт гукъинэжкІэ зэхуащІыжащ. Фестивалым хэтахэм ехьэхъуащ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхъу Мэжидрэ къуажэм и нэхъыжь ТІэш Мурдинрэ. Абыхэм я псалъэм къыхагъэщащ щэнхабзэм зегъэужьыныкІэ фестивалым мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи фІыщІэ хуащІащ ар къыззыгъэпэщахэмрэ абы зыкъэрезыгъэхьэлІахэмрэ. «Шапсугия»-м илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм и унафэщІу щытахэу Нэгъуджэ Щыхьэрхъан, Куэблэ Сэлбий, Хьущт Аслъэнбий сымэ, газетым и лэжьакІуэхэмрэ и дэІэпыкъуэгъуэхэмрэ псалъэ гуапэ куэд хужаІащ.

«Шапсугия» газетыр илъэс 25-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ, щІыхь тхыпхъэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ «Шапсугия», «Адыгэ», «Золотое наследие», «Зори Шапсугии», «Черкесия», «Созвездие» къэфакІуэ ансамблхэм, сабий гъэсапІэ №97-м и гъэсэн цІыкІухэм, макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ «Удж», «Насып», «Современный Кавказ» ансамблхэм, пшынауэхэу Гъырбэ Саид, Щауэудж Заур, Нэпсо Саид, уэрэджыІакІуэхэу Джарым Рашид,Ажэхъу Алёнэ, Нэгъуджэ Щамил сымэ.

НЫБЭ Анзор.

● Юбилей

● Псапэ

Гулъытэ хуащІ

Гъэ къэси хуэдэу, Илъэсыщэр гъэлъэпІэным иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхьэхьэхэр республикэм и щыхьэрым нэгузыужьу, гъэщІэгъуэну щрагъэкІуэкІащ. Хабзэ хъуауэ, абы ирихьэлІэу псапащІэ нэгузыужь концертхэр республикэм щыІащ. Апхуэдэ Іэхъу гуапэ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм къыщызэрагъэпэщащ зи узынщагъэм къимыхь сабийхэм папщІэ.

«ПСОМ папщІи Илъэсыщ1э» концерт гъэщІэгъуэным и пэ кьихуэу, Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм и щІыхьэпІэм деж щагъэува псей зыкъызыхьым япэщІыкІэ гуфІэгъуэ зэхьэхьэ иращІэкІащ. Сабийхэр яІущІащ икІи я нэгу зрагъэужьащ Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ, тауры хъэм кьыхэщ лІыхъужьхэм. ЦІыкІухэм псей зэщІэлыдэр кьафыхьащ, уэрэджэхэр жаІащ, джэгуащ.

Ини цІыкІуи телыдджэ щыпэплъэ, я хъуэпсапІэжэр кьехъулІэну щыгугъэ пІалъэм ирихьэлІэу кьызэрагъэпэща концертым зи узынщагъэм кьимыхь сабий куэд зэхуишэсат, я адэанэхэр, адэщхуэ-анэщхуэхэр ящІыгъуу. Абыхэм зэхьэхьэр гукъинэж, щІэщыгъуэ ящыхъуащ.

ЦІыкІуэм я нэгу зрагъэужьащ, я гукъыдэжым хагъэхъуащ Налшык ГъуаздджэхэмкІэ и сабий школ №91-м, Налшык и Музыкэ сабий школ №2-мрэ №3-мрэ, Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ етыныкІэ Къэзанокъуэ Жэбагъэ и цІэр зэрихьэу Налшык къалэм дэт Іэхъущапльэм я гъэсэнхэм, уэрэджыІакІуэ, ящыкІуэ ныбжьыщІэхэм. Пшыхьэ зыгъэдэха цІыкІуэхэм саугъэтхэмрэ ІэфІыкІэхэмкІэ яхуэпсащ.

АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.

ХьэІупщы Лолэ Мацэ и пхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэм хэщІыныгъэшхуэ игъэтащ - КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, усакІуэ ХьэІупщы Лолэ Мацэ и пхъур щІышылэм и 8-м, и ныбжьыр илъэс 87-м иту, дунейм ехьажащ.

1929 гъэм накъыгъэм и 10-м Дзэлыкъуэ щыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм ар къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр къиуха иужь, 1945 - 1946 гъэ хьэлъэхэм, яхэтащ къуажэ колхозыр зэфІэгъэувэжыным зи гуащІэ хэзылъхьахэм. Абы папщІэ ХьэІупщым «За трудовую доблесть» медалыр къыхуагъэфэщащэу щытащ.

1947 - 1952 гъэхэм КъАССР-м и Нагорнэ щыналъэм экономисту, абы иужькІэ Сэрмакъ дэт амбулаторэм щылэжьащ. 1969 гъэм Лолэ Сэрмакъ дэт библиотекэм и унафэщІ къулыкъур къыхуагъэфэщащ, иужькІи нэгъуащІ Іэнатіэ зыжьани зэрихъэжащ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ пэрытами, тхэныр зэи ІэщІыб ищІакъым. Хьэлупщым гум кьыбгъэдэкІ и тхыгъэхэр урысыбзэкІи балъкъэрыбзэкІи зэдзэкІауэ щІэщэ. Абы и япэ усэхэр «Къэбэрдей пэж» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым щІэх-щІэхыурэ къытехуэрт. Республикэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм жьыджэру зэрадгъэжьам папщІэ щІыхь, фІыщІэ тхылъ зыбжанэ къыхуагъэфэщащэу щытащ. Апхуэдэуи «КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр къыфІащащ.

КъыщыхэкІа лъэпкъым, и хэкум, и анэдэлъхубзэм яхуэпэжу и къалэмыр яхуиГэлэжащ ХьэІупщы Лолэ. Абы и щІыхьэтщ къыдигъэкІа тхылъхэр: «Жэнальхъы псынэ» (1962), «ЦІыхубз насып» (1966), «Щоджэнцыкіу Алий» (1969), «Сыхьымын. Жьыбгъэ пхъашэ» (1972), «СІых фІэхъусыр, Адыгей!» (1973), «Анэм и гуащІэ» (1973), «Табунщик» (1977), «Хэкум ипхъу» (1985), «Жыг хадэр жейртэкъым» (1993) тхылъхэр. Лолэ и Іэдакъэщ1экІхэм, и хъэтІ гъэщІэгъуэным теухуа статьяхэр республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэрэ къытехуауэ щытащ.

Іэужь дахэ къэзыгъэна бзылъхугъэм и ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ!

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым я редакцэхэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапэм и лэжьакІуэхэр.

● Футбол

ХэщІыныгъэ зимыІэ яхэтыжкъым

ЩІымахуэ зыгъэпсэхугъуэми зэпыуакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатыр. А лъэхъэнэм къриубыдэ командэхэм джэгуГуэ щырыщ ирагъэкІуэкІащ икІи зыри хэщІыныгъэншэ хъуакъым.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и пэщІэдзэ джэгуГуитхуми щытекІуахэм яцыщу зэгъусэу лъэпэрэпащ «Къэхъуныкъ» «Школ №31-РусГидро»-мрэ. Илъэсым и кІэухым къэхъундэсхэр 2:0-у къыхагъэщащ ди республикэм футболымкІэ и щІымахуэ чемпиону иджыри щыт Налшык и «Мурбек»-м, школакІуэхэм 1:0-у къэфэІакІащ пашэныгъэр зыІыгъ «Звезда»-р.

БлэкІа щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта еянэ джэгуГуэр яхуэуГурлакъым зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыІыГьахэм. Апхуэдэу «Звезда»-р пэлъащакъым «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупым, «Школ №31-РусГидро»-м и «Къэхъныр» къефІэкІри, етІуанэ увыпІэр фІиуБыдащ.

Турнир таблицэм и кІэухми зэхэзыхьыгъэшхуэ игъэтакъым, иужь дыдэу щыт «ЛогоВАЗ»-мрэ «Спартак-Налшык-2000»-мрэ зыр адрейм япэ ища мыхъумэ. АрщхьэкІэ ахэр иджыри «гупкІэм» къыпынащ икІи я Іэхъухэр хъуэпсэгъуэкъым.

Иджы щыгГуаззэ фхыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым иужьу щызэхэта зэІущІэхэм кьрикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: *еблагъ джэгуГьуэ* - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Ансар**» (Налшык) - **1:4**, «**Звезда**» (Налшык) - «**КъуЛъкъужьын-Тэрч**» (КъулЪкъужьн) - **3:0**, «**Спарта**» (Налшык) - «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - **0:1**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**Спартак-Налшык-2000**» (Налшык) - **1:0**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **0:1**, «**Спартак**» (Налшык) - «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - **0:2**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Школ №31-РусГидро**» (Налшык) - **0:2**, «**ГорИс-179 Кавказкабель**» (Прохладнэ) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **1:4**; *еянэ джэгуГуэ* - «**Спартак-Налшык-2000**» - «**Велес**» - **0:1**, «**Спартак**» - «**КъулЪкъужьн-Тэрч**» - **0:0**, «**Ансар**» - «**Шагъдий**» - **0:4**, «**ГорИс-179 Кавказкабель**» - «**Союз-Сэрмакъ**» - **1:1**, «**Мурбек**» - «**Спарта**» - **2:1**, «**Автозапчасть**» - «**ЛогоВАЗ**» - **2:1**, «**Спартак-Налшык-Д**» - «**Звезда**» - **1:1**, «**Къэхъун**» - «**Школ №31-РусГидро**» - **1:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2016/2017 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Звезда»	8	7	1	0	22-6	22
2. «Къэхъун»	8	7	0	1	10-3	21
3. «Школ №931-РусГидро»	8	6	0	2	15-5	18
4. «Велес»	8	5	1	2	15-7	16
5. «Мурбек»	8	5	0	3	11-10	15
6. «Спартак-Налшык-Д»	7	4	2	1	11-4	14
7. «Спарта»	8	4	0	4	16-13	12
8. «Союз-Сэрмакъ»	8	3	3	2	16-13	12
9. «КъулЪкъужьн-Тэрч»	8	3	1	4	13-11	10
10. «Автозапчасть»	8	3	1	4	8-12	10
11. «Ансар»	8	3	1	4	12-18	10
12. «Шагъдий»	8	2	0	6	10-16	6
13. «ГорИс-Кавказкабель»	8	1	3	4	10-18	6
14. «Спартак»	8	1	1	6	7-15	4
15. «ЛогоВАЗ»	8	1	1	4	10-27	4
16. «Спартак-Налшык-2000»	7	0	1	6	3-11	1

● Спорт хъыбархэр

Мудрэн Беслъэн ягъэлъапІэ

Иджыблагъэ Армавир щекІуэкІащ спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейпсо чемпион, Европэм и чемпион Маркарьян Ашот и саугъэтым щыщІэбэна XIII зэпеуэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къыщызэІуахым ягъэлъапІащ дзюдомрэ самбэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыща спортсменхэр. Абыхэм яхэтащ 2016 гъэм екІуэкІа Олимп джэгуэм Урысейм япэ дыщэ медалыр къыхуэзыхьа Мудрэн Беслъэн. Маркарьян Ашот ди чемпионым и текІуэныгъэмкІэ къехъуэхьури, сом мелуанитІ хуэ ахъшэ саугъэтым и сертификатыр къриташ.

Урысейм спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэм и унафэщІ Мамиашвили Михаил журналистхэр зэрыщигъэгъуэзамкІэ, ахъшэ саугъэтыр къыполпІэ бэнэкІэ хуитымкІэ Рио-де-Жанейрэ дыжьын медалыр къыщызыхьа Джэду Іэнуари.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Урышым дыжьыныр и Іэрылъхьэщ

Азербайджаным и япэ президент Алиев Гейдар и фэеплъу бэнэкІэ хуитымкІэ Баку щекІуэкІа IX Голден Гран-при турнирым зэхуишэсащ къэрал 50-м икІа спортсмен 700-м нэблагъэ.

КІЭУХ зэІущІэм Урыш Анзор хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуа Кудямагомедов Щамил нэхъ лъэщу къыщІэкІащ. Ди щІалэм дыжьын медалыр Іэрыхьащ.

ДЫГГУЖЬ Къаплъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьы секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.670 ● Заказ №10